O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA'M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG'I QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

TARİYX-HUQIQ FAKULTETİ

Milliy ideya, ma'nawiyat tiykarları ha'm huquq ta'limi qa'niygeligi pitkeriwshisi Jarlepesov Azamattın'

# PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI

Tema: **«Shıg'ıs oyshıllarının' ka'mil insan haqqındag'ı qarasları ha'm olardın' bu'gingi ku'ndegi a'hmiyeti»**

İlimiy basshısı: f.i.k., dots. A. Bayrıeva

Kafedra baslıg'ı: f.i.k., dots. A. Bayrıeva

No'kis - 2012

## Jobası:

**Kirisiw**

**I-bap. Shıg’ıs oyshılları ka’mil insan haqqında**

I. 1. Ullı danıshpanlarımızdın’ ka’mil insan haqqındag’ı qarasları

I. 2. Sulayman Baqırg’anıydın’ ka’mil insan ideyası ma’seleleri

I.3. Yusup Has Hajıb jaslardın’ ma’nawiy jetilisiwinde aqıl ta’rbiyasının’ ornı haqqında.

**II-bap. Shıg’ısta ka’millik jolı haqqındag’ı ta’liymatlar**

II. 1.Avesto da kamil insan ma’selesi.

II. 2. İslam ta’liymatlarında ka’millik ma’seleleri

**Juwmaqlaw**

## Kirisiw

Prezidentimiz İ. A. Karimov bıyılg'ı 2012 jıldı «Bekkem shan'araq jılı» dep ja'riyaladı. Bul Jaslar jılının', Ba'rkamal a'wlad jılının' logikalıq dawamı desek qa'telespeymiz. O'z jurtının' keleshegi bolg'an jaslardın' ha'r ta'repleme jetik, salamat, ka'mil bolıp jetilisiwin baslı ma'sele etip qoyg'an ha'm onı u'ziliksiz tu'rde a'melge asırıp, rawajlandırıp otırg'an eldin' keleshegi jarqın boları so'zsiz, a'lbette.

G'a'rezsizlik sharapatı menen tiklenip, toqtawsız rawajlanıp atırg'an milliy ma'deniyatımızdın' ja'miyetimiz rawajlanıwın tezlestiriw,insandı ruwxıy a'dep-ikramlıq ta'repten ta'rbiyalaw ha'm kamal taptırıwda ornı ju'da' u'lken. Ja'miyetimizde ju'z berip atırg'an ruwxıy tikleniw, insannın' a'dep-ikramlıq, ideyalıq, siyasiy kamalatı ma'mleketimizde a'melge asırılıp atırg'an milliy oyanıw protsessleri menen tıg'ız baylanıslıg'ında. İnsannın' ruwxıy a'dep-ikramlıq kamalatı ju'da' ken', ko'p qırlı, mazmun-ma'nisi ta'repten teren' bolıp, o'z ishine ju'da' ko'plep tarawlardı qamrap aladı. Solardın' ishinde oraylıq orındı du'nya qaras ma'selesi iyeleydi.

Ullı a'wladlarımız ta'repinen jaratılg'an joqarı ma'deniyat ha'm ilimiy ashılıwlar ja'miyetimizdin' joqarı qa'diriyatı bolg'an insannın' du'nyaqarasın qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıwda u'lken a'hmiyetke iye.

Belgili, du'nyaqaras-bul adamlardın' a'lem ha'm onın' o'zgeriwi rawajlanıwı haqqındag'ı ilimiy, filosofiyalıq, siyasiy huqıqıy, a'dep-ikramlıq, estetik, diniy qaraslardın' jıyındısınan ibarat. Demek, du'nyaqaras a'lem haqqındag'ı ulıwmalastırılg'an bilimler toplamı. Adamlar a'tiraptag'ı na'rse ha'm ha'diyseler haqqında qansha ko'p mag'lıwmatqa bilimge iye bolsa, olardın' du'nyaqarası da sol da'rejede quramalı ha'm puxta boladı.

Du'nyaqarastın' ja'ne bir a'hmiyetli ta'repi sonnan ibarat ol insandı qorshap turg'an waqıyalıqtı an'law, tu'siniw menen bir qatarda onı bahalaw da.

Du'nyaqaras qurmına adamlardın' a'lemdi biliw ha'm bahalawg'a ta'n bolg'an isenimleri, niyet ha'm maqsetleri, arzıw-u'mitleri, olar iskerligine ma'lim bag'dar beriwshi barlıq qa'diriyatlar da kiredi. Mifologik, diniy, filosofiyalıq du'nyaqaras ja'miyetlik barlıqtın' inikosi bolıp, ol belgili tariyxıy da'wirde insaniyat jaratqan bilimler da'rejesine ha'm de ja'miyetlik du'zimge baylanıslı boladı. İnsan iskerliginde ilimiy-filosofiyalıq du'nyaqaras tiykarg'ı rol oynaydı. Onın' o'zine ta'n ayırmashılıg'ı sonnan ibarat, ol adamlarg'a ta'biyat, ja'miyet, insan oy-o'risi rawajlanıwının' ulıwma nızamlıqları haqqında mag'lıwmat beredi.

Adamlar du'nyaqarasın qa'liplestiriwde, olarda ta'biyat, ja'miyet, insannın' kelip shıg'ıwı, rawajlanıwı haqqında bilimlerdin' payda bolıwında Oraylıq Aziya oyshılları ta'repinen jaratılg'an ilimiy-filosofiyalıq miyras u'lken baylıq g'a'ziynesi esaplanadı. Onnan o'nimli ha'm na'tiyjeli paydalanıw ha'zirgi waqıtta g'a'rezsiz ja'miyetimizdin' aldında turg'an a'hmiyetli wazıypa esaplanadı.

Ag'artıwshı jazıwshı Abdulla Avloniy «Tarbiya biz uchun yo hayot - yo mamot, yo najot - yo halokat, yo - saodat - yo falokat masalasidir», deb aytar eken, da'slep perzent tarbiyasın, a'wlad tarbiyasın, qalaberse millet tarbiyasın na'zerde tutqan.

Haqıyqatında da, ha'r bir ma'mleket o'z puqaralarının' bilimli, o'z huquqın biletug'ın, ruwxıy jaqtan jetilisken, bir so'z benen aytqanda, kamil insan bolıp jetilisiwi haqqında qayg'ıradı. O'zbekstan Prezidenti İslam Karimov bul haqqında bılay deydi: *Ka'mil insan degende, biz,* da'slep, sanası joqarı, g'a'rezsiz pikirley alatug'ın minez qulqı menen o'zgelerge ibrat bolatug'ın bilimli, sawatlı adamlardı tu'sinemiz»[1].

Filosofyalıq du'nyaqaras adamlarg'a ta'n bolg'an rastgo'ylik pa'klik, insanıylıq, watanpa'rwarlıq sıyaqlı joqarı pa'ziyletlerdi, a'dep-ikramlıq normalar ha'm qa'diriyatlardı ja'mlestiredi. Filosofiyalıq du'nyaqaras tiykarında, adamlar ja'miyettin' ta'biyat penen tıg'ız birligi, insan ha'm insaniyat ta'g'dirinin'

---

[1] İslom Karimov. 2012-jıl Watanımız rawajlanıwın jan'a basqıshqa ko'teretug'ın jıl boladı", T., 2012y., 137-bet

ulıwmalıg'ı, tu'rli xalıqlar ma'deniyatının' ha'r qıylılıg'ı ha'm birligi haqqında isenim payda etedi.

Milliy ideologiya o'tmish ha'm keleshek arasındag'ı ko'pir xızmetin atqarmaqta. Tariyxtı bilmey turıp, ideologiyanın' filosofiyalıq negizlerin an'lap bolmaydı. İnsannın' o'zligin an'lawı tariyxtı biliwden baslanadı. Ullı ag'artıwshı M.Bexbudiydin' pikirinshe: ″Ka'mil ha'm a'dalatlı insan bolıw ushın, a'lbette, tariyxtı biliw kerek, hesh bir bilim tariyx ilimisiz ka'mil bolmaydı″.[2]

Milliy ideologiya xalqımızdın' ko'p a'sirlik muqaddes qa'driyatlarınan, u'rp-a'det da'stu'rlerinen azıq aladı. Folklorlıq do'retpeler, naqıl-maqallar, qaharmanlıq da'stanlar, aytıslar ha'r bir insannın' du'nyag'a ko'z qarasın ka'liplestiriwde, oy pikirin ken'eytiwde, ruwxıy jetilisiwinde a'jayıp g'a'ziyne bolıp tabıladı. Anamızdın' aytqan ha'yiwleri, ertekler, jan'ıltpashlar, naqıl-maqallar, ″Alpamıs″, ″Qırqqız″, ″Sha'ryar″, ″Bozug'lan″, ″Erziywar″, ″Edige″ sıyaqlı da'stanlar bizin' qa'lbimizde balalıq payıtımızdan baslap Ana-Watang'a muhabbat, elge sadıqlıq, ata-anag'a hu'rmet, shan'araqtı qa'dirlew sezimlerin ha'm a'dep-ikramlıqtın' en' ag'la pazıyletlerin ka'liplestiriwge xızmet etip kelmekte.

Bu'gingi ku'ni ba'rkamal a'wla'dtı ta'rbiyalap jetilistiriw biz ushın ulıwmamilliy, ulıwmama'mleket ko'lemindegi keshiktiriwge bolmaytug'ın wazıypalardan esaplanadı. Bul maqset jolında a'melge asırılıp atırg'an barlıq is-ilajlar ha'm ta'dbirlerdi izbe-izlik ha'm juwapkershilik penen dawam ettiriw bizin' bu'gingi siyasatımızdın' dıqqat orayında turıptı. Haqıyqatında da g'a'rezsizligimizdin' en' da'slepki ku'nlerinen aq bul ma'selege u'lken itibar berip kelinbekte.

O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimovtın' ha'r bir shıg'ıp so'ylewi ha'm bayanatları, maqala ha'm shıg'armalarında ba'rkamal a'wla'd keleshegimizdin' fundamenti ekenligi qayta-qayta ta'kirarlanıp kelinbekte:«Biz ja'miyetimizdin' rawajlanıwın tek g'ana ekonomikalıq, sotsiallıq pa'rawanlıq penen emes, ba'lki xalqımızdın' ruwxıy ba'rkamallıg'ı, demokratik ha'm

---

2 Jadidshilik: isloxot, yangilanish, mustakillik va tarakkiet uchun kurash. Tashkent, 1999,b.46.

insansu'ygish printsiplerinin' adamlar sanasında qanshama tamır atıwı menen bahalaymız»[q]-dep uqtıradı.

Ka'mil insan ideyası - ha'm milliy, ha'm ulıwmaadamzatlıq mazmung'a iye bolg'an, adamzatqa ta'n en' joqarı ruwxıy ha'm fizikalıq jetiklikti o'zinde ja'mlegen, onı udayı iygilikke shaqıratug'ın ideya bolıp tabıladı.

O'zbekstan o'z g'a'rezsizligine eriskennen son' ja'miyettin' ruwxıy turmısın salamatlastırıw ha'm rawajlandırıw, insan faktorına u'lken itibar beriw ma'mleketimiz aldında turg'an en' tiykarg'ı wazıypalardın' biri sıpatında ku'n ta'rtibine qoyılıwı ha'm o'tmishtin' ko'p a'sirlik sabaqlarına, ja'miyet aldında turg'an jan'a wazıypalardı sheshiwge aqılg'a muwapıq jantasıwdın' ko'rinisi bolıp tabıladı. Milliy o'zlikti an'law ja'miyetimizdin' turmısında ju'z bergen ruwxıy o'zgerislerdin' tiykarı. Milliy o'zlikti an'law da shaxstın', xalıqtın' kamalatı menen baylanıslı. Milliy o'zligin, o'z ma'mleketinin' rawajlanıw keleshegin teren' an'lag'an insan ha'm xalıq g'ana ken' rawajlanıw imkaniyatlarına iye bola alatug'ınlıg'ın tariyx sabaqları ha'r dayım da'lillep kelgen.

Ka'mil insan ideyası tek g'ana jeke shaxslardı emes, ba'lkim pu'tkil xalıqlardı joqarı progresske qaray jeteklegen, olardı ruwxıylıq ha'm ag'artıwshılıq tarawında ten'i-tayı joq tabıslarg'a ilhamlandırg'an. Ka'millikti arzıw etpegen, ba'rkamal a'wladtı ta'rbiyalaw haqqında oylamag'an xalıqtın', millettin' keleshegi joq. Bunday xalıq ha'm millet kriziske ushıraydı.

Ja'miyet rawajındag'ı joqarılawlar, progress imkaniyatları ka'mil insan shaxsının' qa'liplesiwi belgili bir ruwxıy ortalıq ha'm imkaniyatlar menen baylanıslı bolg'an. Ko'p g'ana jag'dayda sotsiallıq turg'ınlıq halatları, ekonomikalıq, siyasiy krizisler ruwxıy apattın' na'tiyjesi sıpatında ko'zge taslanadı. Sonın' ushın ja'miyet rawajındag'ı tu'skinlikler ha'm joqarılawlar sebebin sotsiallıq, ekonomikalıq, siyasiy faktorlar menen bir qatarda adamlar sanası, isenimi, du'nyag'a ko'z-qarası, ka'millik da'rejesinen de izlew kerek.

Milliy ideyamızdın' tiykarg'ı maqsetlerinin' biri - ha'r ta'repleme ka'mil insandı ta'rbiyalawdan ibarat. Ka'mil insan bolsa, bul - azat shaxs, erkin pikir ju'rgiziwshi, o'z xalqının' idealları ushın gu'resiwshi insan, o'z watanına hadal

xızmet etiwshi insan. Prezident İslam Karimov so'zleri menen aytqanda, «bizin' tiykarg'ı baylıg'ımız, rawajlang'an ma'mleket qurıwg'a alıp baratug'ın joldag'ı tiykarg'ı tayanıshımız - insandur. Bul na'rse, a'sirese jas a'wladqa tiyisli».

Ka'millik - mehir-miriwbet, a'dalat, tuwrılıq, hu'jdan, ar-namıs, erk, isbilermenlik, jiger sıyaqlı ko'plegen hasıl insanıy ka'siyet ha'm pa'ziyletlerdin' jıyıntıg'ı bolıp tabıladı.

Ka'mil insan ideyası a'zel-a'zelden xalqımızdın' iygi-arzıwı, millet ruwxıylıg'ının' u'zliksiz bir bo'legi bolıp kelgen. Zardushtiyliktin' muqaddes kitabı «Avesto»da hadal miynet ka'milliktin' tiykarg'ı o'lshemi sıpatında tu'sindiriledi. Ka'mil insan ideyası islam filosofiyasınan azıqlanıp, ja'ne de ken'irek ma'nis-mazmunıg'a iye boldı. İbn-Sino, Beruniy, Farabiy, Nawayı sıyaqlı danıshpanlardın' ka'mil insandı ta'rbiyalaw haqqındag'ı pikirleri ja'miyet rawajına jan'a ruwxıy imkaniyatlar izlew maqsetleri menen baylanıslı bolg'an.

Biz u'yrenip atırg'an shıg'ıstın' ullı oyshıllarının' qaraslarında ka'mil insang'a ta'n bolg'an a'dep-ikramlılıq pa'ziyletler, insanlar mu'na'sibetlerinde ushırasatug'ın illetler qaralanadı. Olardın' ko'z-qaraslarının' ma'nis-mazmunın an'law bu'gingi ku'n ushın da u'lken a'xmiyetke iye.

O'tken a'wladlardın' tariyxıy ta'jriybesin u'yrenbey ha'm ulıwmalastırmay turıp ha'zirgi zamannın' bilimlendiriw tarawın ha'm ta'lim-ta'rbiya ma'selesin jolg'a qoyıw mu'mkin emes.

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Adamzat toplag'an ta'jiriybeden bas tartıw emes, al usı ta'jriybeden barlıq na'rseni paydalanıw ha'm jan'a ja'miyet qurıw ushın maqul emes na'rselerden bas tartıw, jan'a ja'miyetlik du'zimnin' ha'm onın' ma'deniyatının' tiykarı bolıp xızmet etedi» degen edi.[a']

Xalıqtın' ruwxıy ma'deniyatın o'zlestiriw, onın' jetiskenliklerin paydalanıwg'a umtılıw, birinshi gezekte aldıng'ı jobag'a shıg'ıp otır. Sonın' menen birge tariyxqa onın' ta'jriybesine na'zer taslaw, ilimnin' jetiskenliginin' belgili bir da'rejesin, o'tmish ta'jriybesin dialektikalıq qamtıw ha'm sonın' tiykarında bilimnin' jan'a da'rejesine shıg'ıwı onın' uqıplılıg'ın ko'rsetedi.

Ta’lim-ta’rbiya jumısının’, bilimlendiriw, ilim ha’m ma’deniyat mashqalalarına na’zer awdarsaq, onda jaslardı joqarı oydag’ıday ha’m miynetke, ja’miyetlik baylıqqa sanalılıq penen qaraw ruwxında ta’rbiyalaw, olardı ruwxıy ma’deniyat, g’a’ziynelerine barg’an sayın jaqınlastırıw bas wazıypa bolıp esaplanadı.

Usı ko’z-qarastan pitkeriw qa’niygelik jumısı teması ku’ta’ aktual bolıp tabıladı.

Biz pitkeriw qa’niygelik jumısımızda ullı oyshıllarımızdın’ a’dep-ikramlılıq ko’z-qaraslarının’ ka’mil insan ta’rbiyasında tutqan ornın ashıp beriwdi tiykarg’ı maqset etip belgiledik.

Pitkeriw qaniygelik jumısının’ wazıypaları to’mendegishe belgilendi:

- Oraylıq Aziya oyshılları do’retiwshiliginin’ tiykarg’ı bag’darlarına, tematikasına sholıw jasaw;
- Shıg’ıs oyshıllarının’ do’retpelerinin’ jazılıw tariyxın, didaktikalıq a’hmiyetin u’yreniw;
- Ullı oyshıllardın’ a’dep-ikramlılıq pa’ziyletler tuwralı ko’z-qarasların u’yreniw, olardı analizlew;
- Danıshpanlardın’ insanıy qarım-qatnasıq normaları tuwralı ko’z-qarasların analizlew;
- Ka’mil insan ta’rbiyasında Shıg’ıs oyshılları ko’z-qaraslarının’ ornın ha’m a’hmiyetin ashıp beriw.

# I-bap. Shıg’ıs oyshılları ka’mil insan haqqında

## I. 1. Ullı danıshpanlarımızdın’ ka’mil insan haqqındag’ı qarasları

Bu’gingi ku’nde xalqımızdın’ milliy sanası, ruwxıylıg’ın bekkemlewde milliy, ruwxıy, tariyxıy miyrastı ha’r ta’repleme u’yreniw za’ru’r. O’zbekstan Prezidenti İ.A.Karimovtın’ aytqanınday «…Milliy tariyxımız ha’m ulıwmainsaniy progreske umıtılmas u’les qosqan alım ha’m danıshpanlardın’ ideologiya ha’m onın’ ja’miyetlik turmıstag’ı a’hmiyeti jo’ninde qaldırg’an ilimiy miyrası, filosofiyalıq qarasların ha’r ta’repleme teren’ u’yreniw da’rkar. Olardan bu’gingi oqıwshı ha’zirgi o’mirdin’ quramalı mashqalaların sheshiwde qol keletug’ın a’hmiyetli pikir ha’m jol-jobalardı taba aladı».

Ruwxıy miyrasımızdın’ du’rdanalarınan orın alg’an biybaha shıg’armalarda alg’a su’rilgen ideyalar bu’gingi ku’nde orınlanıwı kerek bolg’an wazıypalar menen u’nlesdur.

Oraylıq Aziyada IX-XVI a’sirlerde ilim-pa’n rawajlanıwı u’sh bag’darda boldı. Birinshi bag’dar – matematika ha’m meditsina bag’darı bolıp, bularg’a matematika, astronomiya, ximiya, geodeziya, minerologiya, meditsina, farmokologiya ha’m basqa usıg’an uqsas pa’nler kirip, Muhammed Musa al-

Xorezmiy, Axmad Farg'oniylar matematikag'a tiyisli, Zakarie ar-Roziy ha'm İbn Sino ximiya ha'm meditsinag'a, Jurjoniy meditsina ha'm filosofiyag'a, Abu Rayxan Beruniy ta'biyatqa tiyisli shıg'armalar jarattı.

Ekinshi bag'dar – sotsiallıq-filosofiyalıq bag'dar, bunda filosofiya, tariyx, logika, fikh, psixologiya ha'm usılarg'a uqsas basqa pa'nler bolıp, bul tarawda entsiklopedist alımlar Farabiy, al-Kindiy, İbn-Sino, Zahiriddin Bayhaqiy, Muhammed Narshahiy ha'm basqalar iskerlik ko'rsetken.

U'shinshi bag'dar – insan kamalatı jolındag'ı ta'lim-ta'rbiya bag'darı bolıp, bul taraw entsiklopedist alımlar ka'mil insan haqqındag'ı qarasların sotsiallıq – filosofiyalıq ha'm ilimiy miynetleri quramında yaki a'deplilik do'retpelerinde bayan etken. Bul da'wirde insan mashqalası ma'nawiyat tarawındag'ı tiykarg'ı ma'sele bolg'an. Sonlıqtan da insan kamalatı ma'selelerine u'lken itibar berilgen.

Ag'artıwshılıqqa bag'darlang'an shıg'armalarda a'deptin' teoriyalıq ha'm a'meliy ma'seleleri analiz etilgen. Farabiy, İbn Sino, Yusuf Xas Hajib, Axmed Yugnakiy, Tusiy, Devoniy, Koshifiy, Kaykavus, Sadiy, Jomiy, Nawayılardın' «Pazıl adamlar qalası», «Baxıt-saadatqa erisiw haqqında», «A'dep haqqında risala», «Ishqı risolası», «Qutadg'u bilig», «Axloqiy Nasoriy», «Axloqiy Jaloliy», «Axloqiy Muhsiniy», «Hibat ul-haqoyiq», «Qobusnama», «Gulistan», «Bostan», «Mahbub ul-qulub» kibi insan kamalatına tiyisli shıg'armalar insan shaxsın, ma'nawiyatın qa'liplestiriw ha'm jetilistiriw mashqalasın sheshiwde sap ag'artıwshılıq shıg'armalar sıpatında a'hmiyetke iye. Bul shıg'armalarda insannın' ruwxıy kamalatqa jetisiwi jaqsı minez-qulıq, a'dep ha'm pa'ndi iyelew tiykarında a'melge asıwı mu'mkin, degen ideya ilgeri su'rilgen.

Orta a'sirdin' sotsiallıq-filosofiyalıq pikirinin' rawajlanıwı oyshıl Abu Nasr Farabiy atı menen baylanıslı bolıp, onın' insan kamalatı haqqındag'ı ta'liymatı u'lken a'hmiyetke iye. Belgili yunon filosofı Aristotelden keyin Shıg'ısta bilimli, pikir shen'berinin' ken'ligi menen at shıg'arg'an Farabiydi «Muallim us-soniy» («ekinshi mug'a'llim») dep ataydı.

Farabiydin' «Pazıl adamlar qalası», «Baxıt-saadatqa erisiw haqqında», «İxso al-ulum», «İlimlerdin' kelip shıg'ıwı haqqında», «Aqıl ma'nileri haqqında» kibi shıg'armalarında ka'mil insan haqqındag'ı qarasları sa'wlelendirilgen.

Farabiy ka'milliktin' tiykarg'ı o'lshemi, ja'miyet talaplarına juwap bere alatug'ın ha'm sol ja'miyet ushın xızmet etetug'ın jetik insannın' negizsi sıpatların du'zip shıqqan.

Farabiydin' pikirinshe, jer ju'zinde tek insan g'ana biliw qa'blietine iye. Haqıyqattı biliw bolsa insannın' ta'biyiy rawajlanıw jag'daylarınan biridur, deydi. İnsan zatına eki qa'siyet ta'n, deydi allama. Biri ta'biyattan berilgen qa'siyet, ekinshisi onın' o'z qa'lewi ha'm ıqtıyarı menen ta'lim ha'm ta'rbiya arqalı arttırılg'an ha'm erk-ıqrarın kerekli bag'darda basqara alıw iskusstvosıdur, deydi Farabiy.

Farabiydin' pikirinshe, insannın' en' ullı qa'siyeti onın' baxıtqa eriskenligindedur. Baxıtqa bolsa, deydi allama, tek paydalı bilimlerdi o'zinde ja'mlew arqalı erisiw mu'mkin. Sebebi insannın' kewil ra'ha'tinin' en' joqarı shoqqısı – bilim alıw protsessidur.

Farabiy barlıq insanlardın' joqarı baxıt iyesi bolıwın qa'lep, olarg'a tınbay bilimler iyelewdi na'siyatlaydı. Ko'p bilimge iye bolg'an insan g'ana o'z maqsetin durıs an'lay aladı, deydi allama. Ja'ne ol teoriyalıq bilim menen bir qatarda, adam a'dep-ikramlıqqa u'yrenip barıwı za'ru'rligin uqtıradı. Farabiydin' pikirinshe, haqıyqat ha'm jaqsılıq bir-birine uyg'undur. Bilim alıw arqalı kisi haqıyqattı an'lasa, a'dep-ikramlı kisi jaqsılıqtı bile aladı ha'm onı turmısqa endire aladı., deydi.

İnsannın' derlik barlıq sotsiallıq sıpatları, deydi Farabiy, sırtqı sotsiallıq ortalıq ta'sirinde qa'liplesedi ha'm rawajlanadı. Sonın' ushın insannın' sıpatların qa'liplestiriwde maqsetke bag'darlandırılg'an ta'lim ha'm ta'rbiya ha'm de ta'rbiyalanıwshının' erkin talabı jetekshi orın iyeleydi.

Entsiklopedist alım Abu Rayxan Muhammed ibn Ahmed Beruniy X a'sirdin' ekinshi yarımı ha'm XI a'sirdin' baslarında – og'ada quramalı tariyxıy da'wirde jasap, do'retiwshilik etken.

Alım bilim alıwshılarg'a qa'lbin jaman illetlerden, insan o'zi seziwi mu'mkin bolmag'an jag'daylardan, qatıp qalg'an u'rp-a'detlerden, qızg'anshaqlıqtan, jo'nsiz jarısıwlardan, ashko'zlik ha'm dan'qparazlıqtan saqlanıw za'ru'rligin uqtıradı.

Ol barlıq illetlerdin' negizgi sebebi bilimsizlikte, dep bilgen. Bilimlerdi iyelewde bolsa insanda bilimge umtılıwshılıq, qızıg'ıw ha'm sotsiallıq ortalıqtın' ornın ayrıqsha ko'rsetedi.

Bilim alıwda tu'sinip u'yreniwge, u'yreniwshinin' ruwxıy pa'klikke a'mel qılıwına ayrıqsha itibar bergen. Beruniydin' pikirinshe, a'deplilik insannın' en' tiykarg'ı sıpatı bolıwı kerek. Bul qa'siyet birden g'ana payda bolmay, ol insanlardın' o'z-ara mu'na'sibeti dawamında rawajlanıp, belgili sotsiallıq ortalıqta qa'liplesip baradı.

Beruniy miynettin' na'tiyjesi menen maqtanıwdı jaqsı minez ma'nisinde tu'sinip, «A'yyemgi xalıqlardan qalg'an estelikler» atlı shıg'armasında bılay deydi: «Ullı miynetlerdin' na'tiyjeleri menen maqtanıw – haqıyqatında jaqsı minez ha'm ullı peyiller, ilim-hikmetlerdi iyelew ha'm imkanı barınsha napa'kliklerden tazalanıwdur. Kimde usınday sıpatlar tabılsa, hu'kim onın' paydasına ha'm kimde bular jetispese, hu'kim onın' zıyanına boladı»[3].

Danıshpan insan kamalatında miynettin' a'hmiyeti haqqında a'hmiyetli pikirdi bayan etedi. Ol ha'r bir o'ner iyesin miynetine qarap tu'rlerge bo'ledi. Awır miynet sıpatında imarat qurıwshı, ko'mir qazıwshı, o'nerment ha'm ilim-pa'n iyelerinin' miynetlerin keltiredi. A'sirese, ilim adamları – alımlardın' miynetine ayrıqsha itibar beriw, olarg'a ja'rdemshi bolıwg'a shaqıradı.

Beruniy insan kamalatında u'sh na'rse a'hmiyetli ekenligin atap ko'rsetedi:




[3] Abu Rayxon Beruniy. Tanlangan asarlar. I tom. T., Fan, 1968, 151-bet.

Abu Rayxan Beruniy na'zerinde insan kamalg'a jetisiwinin' a'hmiyetli faktorları ko'p bilimge iye bolıw ha'm joqarı a'dep-ikramlılıqdur.

Shıg'ısta belgili bolg'an allamalardan biri, orta a'sirdin' ullı danıshpanı Abu Ali İbn Sino. Belgili bolg'anınday, İbn Sino basqa oyshıllar sıyaqlı o'zinin' ka'mil insan haqqındag'ı qarasların filosofiyalıq, sotsiallıq pikirleri menen baylanıslı halda sa'wlelendirgen ha'm arnawlı risalalarda analiz etken.

Abu Ali İbn Sino kamalatqa erisiwdin' birinshi o'lshemi sanalg'an bilimlerge jetisiwdi propogandalaydı. Sebebi ilim-pa'n ta'biyat ha'm ja'miyet nızamlıqların ashıp, a'wladlarg'a jetkeredi. Bul maqsetke jetisiw ushın insan qıyınshılıqlardan qorqpawı za'ru'r, deydi. «Ey biradarlar! Adamlardın' batırı mu'shkilden qorqpaydı. Kamalat payda etiwden bas tartqan kisi adamlardın' en' qorqag'ıdur»[4]. Bilimli kisi ma'rt, o'limnen de qorqpaytug'ın, tek haqıyqattı g'ana biliw ushın ha'reket etetug'ın boladı, deydi ol pikirin dawam ettirip.

İbn Sino insannın' qa'liplesiwinde onın' a'tirapın orap alg'an sotsiallıq ortalıq ayrıqsha rol oynawın, a'ne usı ortalıq insannın' a'tirap du'nyanı biliwin g'ana emes, ba'lki onın' minezinde jaqsı yamasa jaman ta'replerdin' payda bolıwına da ta'sir etiwin, sonın' ushın da balalardı ta'rbiyalawda abaylı bolıw, olardı jaman sotsiallıq ortalıqtan uzaqraq saqlaw za'ru'rligin uqtıradı.

İbn Sino insan kamalatında aqılıy, a'deplilik ta'rbiya menen bir qatarda fizikalıq ta'rbiyanın' a'hmiyetin ha'm teoriyalıq, ha'm a'meliy jaqtan da'lilleydi. İbn Sinog'a shekem insannın' kamalatqa jetisiwinde fizikalıq ta'rbiyanın' ta'siri haqqında belgili bir ta'liymat jaratılmag'an edi.

Juwmaqlap aytqanda, İbn Sinonın' ka'mil insan sıpatların ta'riplewde onın' aqılıy, a'deplilik, estetikalıq, fizikalıq ta'repten rawajlang'anlıg'ına u'lken itibar beredi.

Xalqımızdın' ba'rkamal insang'a, onın' minez-qulıqına tiyisli qarasları XI a'sirde jasap do'retiwshilik etken ullı alım, oyshıl Mahmud Qashg'ariydin' «Devonu lug'atit turk» atlı shıg'armasında ken' bayan etilgen.

---

[4] İbn Sino. Falsafiy qissalar. T.: Badiiy adabiet nashrieti. 1963. 15-bet.

Bul shıg’armada bilim alıwdın’ qa’diri, alımlardı hu’rmet etiw, miymandoslıq, xosh minezlilik, kishipeyillik ha’m ma’rtlikti propogandalawshı qosıqlar ko’plep ushırasadı. Bunday qosıqlar tu’rkiy xalıqlar a’yyem-a’yyemnen beri insan shaxsın qa’liplestiriwge u’lken itibar berilgenligin ko’rsetedi.

«Devonu lug’atit turk»tegi maqallarda doslıq ha’m ha’mkarlıq, miynetke muhabbat, ilim alıw ha’m ka’sip-o’ner iyelewge u’ndew, watanpa’rwarlıq ha’m ag’ayin-tuwısqanlıq sezimi, u’nemshilliktin’ a’hmiyeti, a’dalat ha’m a’dalatsızlıq, jaqsılıq penen jamanlıqtın’ aqıbetleri, a’deplilik qag’ıydaları, salamatlılıqqa tiyisli u’gitler analiz etiledi.

Yusuf Xas Hajib (XI a’sir) o’z zamanının’ jetik oyshılı, teren’ bilimli, danıshpan kisisi edi. Bunı «Qutadg’u bilig» («Saodatqa baslawshı bilim») atlı shıg’armasının’ mazmunınan bilsek te boladı.

Qutadg’u bilig – baxıt ha’m saadatqa jeteklewshi bilim, ta’lim degen ma’nini bildiredi. Demek, shıg’armanın’ atınan pa’nd-na’siyatları, ta’lim-ta’rbiyag’a tiyisli, ha’r ta’repleme ka’mil insandı ta’rbiyalaytug’ın jetik ag’artıwshı miynet ekenligi ayqın ko’rinip tur.

Shıg’armada ilgeri su’rilgen a’deplilik sezimlerdin’ sanap o’tiliwi alımnın’ ka’mil insan mashqalasın qay da’rejede bilgenliginen derek beredi. İnsanıylıq, rasgo’ylik, tuwrılıq, hu’jdanlılıq, kishipeyillik, mu’la’yimlik, parasatlılıq, wapadarlıq, miyrim-sha’pa’a’tlik, sadıqlıq, ma’rtlik, isbilermenlik, hadallıq, aqıllılıq, sabırlılıq sıyaqlı pa’ziyletler ulıg’lanadı.

Unsurulmaoliy Qayqavustın’ (XI a’sir) «Qabusnama» atlı shıg’arması Shıg’ısta saqlanıp kiyatırg’an da’stu’rge ko’re pa’ndu-na’siyat ta’rizinde jazılg’an bolıp, bir neshe a’sirlerden beri xalıqlardı, atap aytqanda, jaslardı turmısqa, a’meliy iskerlikke tayarlawda, olardı ha’r ta’repleme jetik insan etip ta’rbiyalawda a’hmiyetli qollanba bolıp kelmekte. Ol Shıg’ıs ag’artıwshılıq pikiri rawajında, ka’mil insandı qa’liplestiriwde a’hmiyetli orın iyeleydi.

Qayqavustin’ «Qabusnama»sı XI a’sirde ju’zege kelgen u’lken ta’rbiyalıq shıg’armadur. Bunda usı da’wirge ta’n ha’r bir jas iyelewi za’ru’r bolg’an aqılıy, a’deplilik, fizikalıq ta’rbiya menen baylanıslı iskerlik tu’rleri: atta ju’riw,

mergenlik, suwda ju'ziw, a'skeriy shınıg'ıwlar, ta'sirli oqıw, qosıq oqıw, muzika bilimin iyelew, shaxmat ha'm nard oyının biliw kibiler o'z sa'wleleniwin tapqan.

Qayqavustın' en' u'lken xızmetleri sonnan ibarat, ol jaslardı ha'r ta'repleme ka'millikke jetkeriwdin' teoriyalıq ma'selelerin a'meliy iskerlik penen baylanıstırıp alıp bardı, onın' u'gitleri ha'r qanday sistemada da o'z bahalılıg'ın jog'altpadı ha'm a'meliy turmıs da'stu'ri sıpatında o'z ornına iye boldı.

Orta Aziyada keyingi ilimiy-ma'nawiy rawajlanıw Saxıpqıran Amir Temur ha'm Temuriyler hu'kimranlıg'ı da'wirinde ju'z berdi.

Ullı Saxıpqıran ha'r qashan:

**«İnsanpa'rwarlıq ha'm ma'rtlikti
Alla da, xalıq ta ulıg'laydı»**

degen hikmetli so'zdi ta'kirarlawdı xosh ko'rgen ha'm o'mirde o'zi bug'an a'mel qılıwg'a umtılg'an.

Amir Temur a'dep-ikramlılıq, iyman, isenim, ta'lim-ta'rbiya tarawında jetiklikke erisken tulg'alardan biridur. Bug'an isenim payda etiw ushın onın' o'zi ta'repinen jaratılg'an a'dep-ikramlılıqqa tiyisli da'stu'rler, u'gitler, pa'nd-na'siyatlardı oqıw jetkilikli.

Amir Temur o'zinin' «Tu'zikler»inde o'zinin' tiykarg'ı sıpatları haqqında aytadı:

## Amir Temurdın' tiykarg'ı sıpatları

«Men sıpatlarımnın' en' da'slepkisi dep biyg'a'rezlikti tu'sindim. Ha'mmege de bir qıylı: jiddiy h'a'm a'dil qaradım, h'esh kimdi basqadan parıqlamadım, baydı kambag'aldan u'stin qoymadım»

«Men h'a'r qashan İslamg'a qattı a'mel qıldım h'a'm Alla taalanın' a'miri menen ulıg'lang'an shaxslarg'a h'u'rmet penen qaradım»

«Men kambag'allarg'a ko'p qayır-saqawat isledim. Ha'r qanday kelispewshilik h'a'm mashqalanı dıqqat penen tekserdim h'a'm onı mu'mkin bolg'anınsha durıs sheshiwge bar ku'shimdi sarıpladım»

«Xalıqqa ra'h'im qıldım, ba'rine payda keltirdim. Bunda birewge nah'aq azar bermedim h'a'm mennen ja'rdem sorap kelgenlerdin' ko'kireginen iytermedim. Qurandag'ı Pa'rwardigardın', Allanın' a'mirine boysınıw h'a'm xalqına sha'pa'a't etiw da'rkar, degen ayattı o'zime parız bilip, ug'ıp aldım h'a'm o'mir boyı barlıq jumıslarımda og'an a'mel qıldım.»

«İslamg'a tiyisli islerdi men h'a'r qashan ko'ldenen' h'a'm du'nyalıq islerden u'stin qılıp keldim. Da'slep ta'n'rige sıyınıwdı orınlap bolg'annan son' ku'ndelik islerge qol urdım»

«Barlıq so'zlerimde mudamı h'aqıyqatgo'ylikke a'mel qıldım. Bul du'nya h'a'm ol du'nya h'aqqında esitkenlerimdegi h'aqıyqattı jalg'annan ajırata aldım»

«Men kimge wa'de bergen bolsam, og'an wapa qıldım, h'a'rgiz wa'dege qılapılıq is qılmadım, men mudamı wa'delerimdi anıq orınlasam, sonda g'ana a'dil bolıwımdı h'a'm h'esh kimge ja'bir jetkizbesligimdi an'ladım».

«Mudamı o'zimdi Allanın' jerdegi mu'lki pasbanı dep bildim h'a'm Pa'rwardigardın' ruxsatısız onı sarıplamadım...»

«Men h'a'r qashan ta'n'rinin' a'mirin h'a'm onın' payg'ambarı Muh'ammed alayh'issalamnın' h'a'dislerin tolıq orınlawg'a umtıldım.»

«Men h'a'r dayım insap bayrag'ın ba'lent ko'terdim h'a'm iyman tarqatıwdı o'z ullılıg'ımnın' qudiretli za'mini dep bildim»

«Men mudamı saidlarg'a ixtiram menen qaradım, ulama h'a'm shayxlardı a'diwledim.»

Temur ha'm Temuriylar da'wirinde ilim-pa'n ha'm de ma'riypat tez rawajlanıp, du'nyada jetekshi orınlarg'a shıg'ıp aldı. A'sirese, Muhammed Tarag'ay Ulug'bek da'wirinde a'debiyat ha'm iskusstvo, ilim ha'm ma'riypat tez

rawajlandı. Ol ka'mil insan degende, insan ja'miyeti jaratqan barlıq bilimlerdi o'zinde birlestirgen adamdı tu'singen. Ulug'bek tiykar salg'an medreselerde ila'hiy bilimlerden tısqarı ilimi tibbiya, ilimi hikmet, ilimi ximiya, a'skeriy ha'm fizikalıq ta'rbiya kibi onlap pa'nler oqıtılg'an.

Entsiklopediyalıq bilimler saxıbı, ullı danıshpan Alisher Nawayı pa'n ha'm iskusstvonın' tu'rli tarawları: a'debiyat, tariyx, til, muzika, su'wretlew iskusstvosı, mu'sinshilik ha'm basqa bilimlerdi rawajlandırıw menen birge, ta'lim-ta'rbiyanı jetilistiriwge de ayrıqsha itibar qaratqan. Ol o'zinin' «Xamsa», «Mahbub ul-qulub», «Munojat», «Vaqfiya» kibi shıg'armalarında insandı kamalatqa jetistiriw haqqında o'z qarasların sa'wlelendirgen.

Alisher Nawayı o'zinin' ko'rkem shıg'armalarında ka'mil insan obrazların jaratıp, og'an jetisiw jolları jo'ninde pikirlerin bayanlag'an bolsa, ag'artıwshılıq shıg'armalarında ka'mil insandı qa'liplestiriwdin' mazmunı, printsipleri, usıl ha'm metodikaların bayan etken.

Alisher Nawayı o'z da'wirinin' aldıng'ı, ma'riypatpa'rwar allaması sıpatında islamdag'ı a'dep-ikramlıq aqidaları, o'zinen aldıng'ı o'tken oyshıllardın' qarasların da'stu'riy ta'rizde dawam ettirdi. A'sirese, İnsan kamalatında ilim-pa'nnin' ornı, aqıl-estin' a'hmiyeti, aqılıy, ruwxıy ta'rbiyanın' mazmun-ma'nisin jarıtıp berdi.

Ullı Watanlasımız Axmad Danish o'z zamanında a'dil ja'miyet qurıw, insan menen ja'miyetlik ma'selelerdi u'yreniwge umtılg'an bolsa, bu'gingi ku'nde huqıqıy demokratiyalıq ma'mleket qurıw wazıypası aldımızda turg'an ja'ne bul ma'seleler ja'miyetshiliktin' dıqqat orayında turadı. Axmad Danish: «Adam o'z Watanın qorg'asa g'ana, o'z xalqı menen birge bolsa g'ana, ol ha'r dayım o'mirshen'dur», «…ha'r bir perzent o'z Watanın su'yiwi, ata-babaları tariyxın u'yreniwi lazım», dep uqtıradı. Onın' pikirinshe, ha'r bir insan o'z Watanının' sadıq perzenti bolıwı kerek. Watan – insannın' kindik qanı tamg'an muqa'ddes topıraq, onı kamalatqa qaray jetelewshi, o'mirine ma'ni-mazmun bag'ıshlaytug'ın teberik ma'skandur. Ol ata-babalardan a'wladlarg'a qalatug'ın en' ullı, en' biybaha miyras, en' a'ziz yadnama.

İnsan o’zligin an’lag’anı, na’silin bilgeni sayın ju’reginde Watang’a muhabbat tuyg’ısı tamır atıp rawajlanıp baradı. Bul tamır qansha teren’ bolsa, tuwılıp o’sken jurtqa muhabbat ta sonshama sheksiz boladı. Ol o’z ta’g’dirin Watan rawajı menen baylanıstıradı.

Axmad Danish ma’mleket basqarıwı ha’m islep shıg’arıw sistemasında bilimli, ta’jiriybeli insanlar bolıwı lazımlıg’ın uqtırg’an. Danıshpan insannın’ o’zligin an’lawı, ata-babaların biliwi, o’z tilin hu’rmet etiwi, ja’miyet progressinde shan’araqtın’ ornı, du’nyalıq bilimlerdi u’yreniwi basqa xalıqlar tilin ha’m ma’deniyatın, ilim-pa’ndegi jetiskenliklerin u’yreniwi, xalıqlar doslıg’ı, insannın’ du’nyaqarasın qa’liplestiriwde ag’artıwshılıqtın’ a’hmiyeti, hayallardın’ rawajlanıwdag’ı ha’m ka’mil insanlardı jetilistiriwdegi ornı haqqında o’z pikirlerin bayan etedi.

Puxaralardın’ huqıqıy ma’deniyatın ulıg’lantırıw shın demokratik puxaralıq ja’miyetti qurıwdı a’hmiyetli faktorıdur. Bul orında usını atap o’tiw kerek, shaxstın’ huqıqıy sanası jetik, bilimi jeterli bolıwı, biraq onda huqıqıy ma’deniyat jetispewi, ol puxara sıpatında o’z xalqı ha’m Watanı aldındag’ı wazıypa ha’m juwapkershiligin teren’ an’lamawı mu’mkin. Sonın’ ushın da puxaralar, a’sirese, jaslarda huqıqıy ma’deniyattı jetilistiriw ideologiyalıq ta’rbiyanın’ a’hmiyetli sha’rtidur.

Axmad Danish a’dalatlı ha’kimiyat ornatıw, diyxanshılıqtı rawajlandırıw, o’nermentlerdi qollap-quwatlaw, pa’n jetiskenliklerinen na’r alıw, alımlar tayarlaw Watan ha’m xalıqtı jarlılıqtan qutqaradı dep pikir ju’ritip, barlıq adamlardın’ sawatlı, bilimli bolıwının’ ta’repdarı edi.

Danıshpannın’ bul pikirleri u’lken sotsiallıq- a’deplilik a’hmiyetke iye bolıp, ol jaslardı bilimli, ziyrek, sabırlı, shıdamlı, hadal, pa’k hu’jdanlı etip ta’rbiyalaw, olarda ullı insaiy pa’ziyletlerdi qa’liplestiriw ma’selelerin ilgeri su’rgen. Danıshpannın’ ruwxıy ba’rkamal insan haqqındag’ı ideyaların g’a’rezsizlik sharayatında milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ printsiplerinen biri ekenligin aytıp o’tiw maqsetke muwapıqdur.

Ruwxıy ba'rkamal insan ta'rbiyasında jaslarımızdı elin, Watanın su'yiwshi ka'mil insnan etip ta'rbiyalaw bu'gingi ku'nde de aktwallıg'ınsha qalmaqta. «Ka'mil insan degende,- dep jazadı İ.A.Karimov,- biz da'slep, sanası jetik, erkin pikirley alatug'ın, minez-qulqı menen basqalarg'a ibrat bolatug'ın bilimli adamlardı tu'sinemiz». Danısh ta o'z da'wirinde «… biz du'nyanı gu'lletip jasnatıw, da'rya ten'izlerdi gezip u'yreniw, jer astı baylıqların tabıw, jerdin' barlıq ta'replerin, ol jerdegi xalıqtı biliw ushın tuwılg'anbız», dep jazg'an.

Milliy g'a'rezsizlik ideyasının' tiykarg'ı buwınınan biri bolg'an ka'mil insan ta'rbiyasında Axmad Danishtın' miynet etiw haqqındag'ı pikirleri og'ada a'hmiyetlidur. Miynet etpey sarsarlıq penen ku'nin o'tkergen abıroy taba almaydı. «Du'nyada miynetsiz ra'ha't, ta'shwishsiz jemis tabıw mu'mkin emes», degen edi ullı danıshpan.

Axmad Danishtın' a'dalatlı nızamlar islep shıg'ıw, bul nızamlardın' xalıqqa xızmet etiwi, insanlardın' ten' huqıqlıg'ı, ma'mleket tınıshlıg'ı, xalıq pa'rawanlıg'ı kibi bir qansha qımbatlı ideyaları milliy g'a'rezsizlik ideologiyasının' ma'nisin ashıp beretug'ın ulıwmainsaniy printsiplerinde o'z sa'wleleniwin tapqan.

## I. 2. Sulayman Baqırg'anıydın' ka'mil insan ideyası ma'seleleri

Adamzattı ruwxıy pa'klikke ha'm jetiklikke erisiwge shaqırg'an İslam790dininde qa'liplesken tasawwıf filosofiyasının' en' joqarı wa'killerinin' biri Sulayman Baqırg'aniy bolıp esaplanadı. Ol tu'rkiy xalıqlar arasında Xa'kim ata atı menen belgili. Og'an bul ataq ustazı Xoja Axmed Yassawiy ta'repinen tapqırlıg'ı, bilimliligi, teren' oy-pikir ju'rite alg'anlıg'ı ushın berilgen.

Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniy Qubla Aral boylarında Baqırg'an awılında du'nyag'a kelgen. Baqırg'an awılı Qaraqalpaqstan Respublikasının' Qon'ırat ha'm Moynaq

rayonlarının' ortalıg'ındag'ı ha'zirgi Ha'kim ata qoyımshılıg'ı a'tirapında bolg'an. Ha'kim ata Baqırg'aniydin' islamiy ideyaları, tasawwıflıq filosofiyası, ila'hiy ıshqı-muxabbat ha'm insaniy a'dep-ikramlılıq haqqındag'ı pikirleri ken'nen taralg'an, jazba ha'm awızsha tu'rde a'wladtan-a'wlaqa o'tip, bizin' ku'nimizge jetip kelgen.

Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniy ustazı Xoja Axmed Yassawiy ta'repinen jaratılg'an Yassawiya tariqatının' filosofiyasının' jarqın juldızlarının' biri retinde ma'deniyatımız tariyxınan ılayıqlı orın iyeleydi.

Tassawwıf-tek g'ana milliy, diniy filosofiyalıq miyras emes, al ulıwma adamzatlıq qadiriyat bolıp tabıladı. Ol o'zinin' on a'sirden artıq rawajlanıwı dawamında tariyxıy da'wirlerde ja'miyettin' ma'deniy, ruwxıy ha'm a'dep-ikramlılıq talaplarına sa'ykes tu'rli formalarda ha'm bag'darlarda rawajlanıp kelgen, ha'm ol barlıq waqıtta ta'rbiyalıq a'hmiyetke iye bolg'an.

Tasawwıf İslamnın' bawırında Quran ha'm Ha'diyslerdi basshılıqqa alg'an halda qa'liplesiwi menen birge, ten'sizlikke, a'dalatsızlıqqa narazılıq sıpatında payda boldı. Tasawwıf taliymatı wlıwma adamzatlıq qa'diriyatlardı na'siyatlawshı filosofiyalıq bag'darlar qatarına kiredi. Basqasha aytqanda adamnın' ja'miyette tutqan ornı hadallıq, miynet, iyman, insap, qanaat sıyaqlı sezimleri filosofiyalıq tan'lawda o'zine ta'n jolına iye bolg'an ku'shli ideyalıq ag'ım.

Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniy o'z filosofiyasınn' tiyqarg'ı ma'ni-mazmunın su'wretlep to'mendegi qatarlarda bılay degen edi:

*Ma'riypat da'ryasına su'n'giwshi bolıp,*
*Muxabbat ga'wharların alg'ım keler.*
*Tariqat maydanında Pa'rwaz qılıp,*
*Ol Tuwbı daraxtına qong'ım keler.*

Shayırdın' bul pikirlerinde bilimge umtılıw, ol arqalı muxabbat marjanların teriw, solayınsha haqqa erisiw ideyası turıptı. Onın' ushın muxabbat-ila'hiy ıshqı, Allag'a bolg'an umtılıw, onı pu'tkil oy-pikiri, jan-ta'ni ha'm sezimleri menen su'yiw bolıp tabıladı. Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniydan bizge miyras bolıp qalg'an shıg'armalarının' tiykarg'ı ideyası İla'hiy ıshqı, yag'nıy Allag'a muxabbat, sol du'nyalıq insanlar turmısına ta'n bolg'an mashqalalarg'a juwap beriw bolıp tabıladı. Onın' pikrinshe adam o'zin Allag'a pu'tkilley bag'ıshlay otırıp na'psin tıyıwı, ta'wbege keliwi, o'zinin' ruwxın ha'm denesin pa'klewi, haram islerden pu'tkilley beziwi, baylıq ha'm artıqsha mal du'nyag'a umtılıwdan o'zin awlaq tutıwı lazım. Adam qanaatlı ha'm sabır taqatlı, insaplı ha'm iymanlı bolıwg'a umtılıwı za'ru'r.

Onın' ushın İyman ha'm Quran ajıralmas birlikte, bul du'nyada iymannan artıq ha'sh na'rse joq. İnsan o'zinde ishki du'nyasına kirgen na'psi ba'lesine qarsı gu'resiwi, aqırında iymanlılıq ha'm hadallılıq penen tolg'an ruwxının' jen'isine erisiwi lazım. Bul ideyalar a'sirese onın' na'psi ha'm Ruwx arasındag'ı qarsılıqlar bayan etilgen «Hikmetler»inde ku'ta' ayqın ko'rinedi. «Na'fsim

aytar, baslıq janında otırıp, tu’rli-tu’rli baylıqlardı keltirip, jep-ishіp ku’ni-tu’ni qarın toltırıp, dastıqqa su’yenip jatayın der».

«Na’fsim aytar, bul du’nyanın’ mu’lkin bo’lsem, Qıtay, Qırg’ız, Qıpshaq, Xindistandı alsam, Ag’ıban, Chin, altun, kumus ta’nlik qılsam, Baxıt etse, bir g’a’ziyne du’zip jatayın der». Onın’ ruwxı kerisinshe-«sha’riyattın’ ilimin bilip, ilim menen tariqattın’ jolın bilip sa’ha’r waqıtta oyawlıqtı a’det qıl».

«Ta’wbe suwı menen gu’na’ kirin juwıp, muxabbat belbewin belge baylap, bul du’nyag’a talaq berip keteyin der»-dep turg’anlıg’ın aytadı. Ullı oyshıl jerlesimizdin’ bul filosofiyalıq oy-pikirlerinde adamnın’ ruwxıy jaqtan jetilisiwi za’ru’rligi, ka’mil insan bolıwg’a umtılıwı kerekligi, bul o’tkinshi du’nyada tek mal-baylıq jıynaw menen jasamaw kerekligi aytılg’an.

Ha’kim ata Baqırg’aniy İslam traditsiyasına sadıq bola otırıp, insandı qa’dirlew onı Alla jaratqan barlıq na’rseden joqarı qoyıw, onı hu’rmetlew ideyasında turg’anlıg’ı onın’ hikmetlerindegi

**«h’a’r kimdi ko’rsen’ Xızır bil, h’a’r tu’n ko’rsen’ Qa’dir bil»**

-degen qatarları arqalı ko’riwge boladı.

Jan’a awladtın’ ruwxıy jetiklikke erisiwinde, milliy qa’diriyatlar ha’m da’stu’rler tiykarında ta’rbiyalawdı, shıg’ıs filosofiyasınan, a’sirese islam ta’liymatınan paydalanıwımız og’ada za’ru’r. İslam filosofiyasının’, yag’nıy tasawwıf ta’liymatının’ ayrıqsha ta’replerinin’ biri sonnan ibarat, onın’ ideyaları insannın’ ishki

du'nyasın, ruwxıyg'ın qa'liplestiriwge qaratılg'an. Sonın' ushında ullı babamız, ullı filosof oyshıl, Ha'kim ata Sulayman Baqırg'aniy ideyaları bu'gingi ku'nde insannın' İslamlıq ha'm ulıwma adamzatlıq qa'diriyatlardı u'ymlestirip ta'rbiyalawg'a xızmet etedi.

Ullı babamız Sulayman Baqırg'aniy Qubla Aral boylarınan bu'gingi Qon'ırat rayonı a'tirapındag'ı Baqırg'aniy qalasında 1122-jılı du'nyag'a kelip, usı jerde 1180-jılı ha'zirgi Ha'kim ata qa'biristanına jerlengen. Bul jer Xorezm oypatında ha'm pu'tkil musılman shıg'ısında belgili bolg'an sıyınıw orınlarına aylanıp, 800 jıldan berli sharapatlı orın retinde ziyarat orayına aylang'an. Qaraqalpaq awız eki a'debiyatı menen jazba esteliklerinde Ha'kim ata haqqında mın'lag'an a'psanalar do'retilip, olar arqalı bul shayır allamanın' payg'ambarlarsha pazıyletin ko'klerge ko'terip danqın a'lemge jaydı.

Sulayman Baqırg'aniy ullı babamız sufizm iliminin' piri, ustazı Xoja Axmed Yassawiydin', Mansur Hallajdın' a'meliy ha'm fundamental ideyaların o'zine ha'm basqalarg'a ideyal etip, taxzip-na'psini tıyıw, ha'westen qalıs bolıp ta'wbe etiw, taza pa'kize bolıp o'zligin umıtıw, faniy du'nyadan kelip, ilahiyatqa sıyınıw ha'm Alla menen birlesiw, o'zligin joq etip, Allanın' jamalına ıshqı etiw sıyaqlı kontsepsiyalarına tayanıp «haqtın' ma'nisin bilmes ha'rgiz nadanlar»-degen programmalıq joldı o'zine qabıl etip barlıq do'retiwshiliginde Alla jaratqan barlıqtın' bir qıyalı dep bilip, o'zin

sol ıshqıg'a bag'ısh etken ideyasın ja'ha'nge alıp shıg'adı. Ol o'zinin' piri ustazı tuwralı:

*Yassi suwının' arzası jatar ga'wxar parası,*

*Mashayıqlar sarası pirim Axmed Yassawiy,*

*Sha'riyatlı a'reste tariyxtı paybasta,*

Haqıyqatqa shayısta shayıxım Axamed Yassawiy, - dep a'dep-ikramlıqtıg'ı sha'riyat, tariyxat, mag'riypat ha'm haqıyqat jolındag'ı xızmetlerin ta'riypleydi. Bul u'lgi hadal miynet arqalı nan tawıp jewdi, miynetsiz tabılg'an tabıstı xaram dep na'psi batpag'ına batqan adamlardı jahim dep og'an qarama-qarsı hadal turmıs keshirip atırg'an insanlarg'a da'rtles bolıp mehriyban ustaz boldı.

Yassawiy menen sha'kirti Sulaymannın' shariyat ha'm sheriyat a'lemindegi Quraniy ayatlardın' ja'rdeminde xalıq qosıqları menen qarıstırılıp ja'nede bezendiriliwi tu'rkiy tilles xalıqlardın' diniy traktalarg'a ta'fsirlerge-yag'nıy qag'ıyda anıqlamalarg'a an'sat tu'sinip, onı ko'pshiliktin' oqıwına qa'lender jibitiwleri eritip aqıretke umtılıw emes, iskusstvonın' qu'diretli ku'shine bas iyip turg'anday ko'rinedi. Durısında da iskusstvo adamg'a jan bag'ıshlawshı ullı ku'sh. Alla taala adamnın' gewdesin ılaydan sog'ıp, jang'a ishine kir dese, qorqaman deydi. Sonda shaytang'a saz sherttirgen eken, jan sazg'a balqıp gewdege kirgenin sezbey de qalıptı delingen an'ızlarda. Sulayman Baqırg'aniydin' do'retpelerinde Quraniy hawazlar ku'sheyip islam a'debiyatı menen milliy a'debiyatlardın' sintezi tiykarında jan'a ko'rkem ha'm a'debiy-didaktikalıq, filosofiyalıq do'retpeler bolıp maydang'a

keledi. Tu’rk, o’zbek, qaraqalpaq-islam du’nyası a’debiyatında quraniy ha’m du’nyalıq qatlamlardın’ baylanısların teren’ izertlew aldımızda turg’an u’lken wazıypa bolıp otır.

Sulayman Baqırg’aniy pu’tkilley onın’ haqıyqatqa absalyut jetiwdin’ jekke sarrası jolı yaki tayanıshı joq, sonın’ ushın:

*Ha’r kimdi ko’rsen’ Qızır bil,*
*Ha’r tu’n ko’rsen’ qa’dir bil deydi.*

Qosıqtın’ mazmunında «sho’pti ko’rsen’ kem ko’rme»-degendey insan perzentin kemsitpe, du’nyag’a kelgen ha’r bir insan o’zinshe bir du’nya, o’zinshe Qızır. Onı qansha a’zizlesen’, hu’rmet etsen’, kewlin alsan’ sonın’ o’zi bir Kaaba deydi. Ha’r tu’n ko’rsen’ «Qa’dir bil»-degeni otız ku’n orazanın’ ishinde sawap alatug’ın tu’n on jetinshisi ramazandı «Laylat ul-qadir»di nıshanlaw da’stu’rge aylang’an. Bunda shayır o’tken ha’r bir tu’nnin’ qa’dirine jetip onı baxıt dep esaplap kewlin shad et deydi.

*Marifat da’ryasında keshe bolıp,*
*Muxabbat g’a’wharların alg’ım keler.*

Ullı shayır haqıyqatqa ashıqlarsha talpınıwshı gezende bolıp g’ana qalmay «Aqırzaman kitabı», «Biybimariyam kitabı», «Hikmetler», «Mirojnama» maqamlarnıda «bul bes ku’nlik tirishilikte da’wran su’r» degendi u’zliksiz ra’wishte o’zinde udayı jetilistirip u’lken ha’m kishi a’lem sırların tınımsız u’yren, olardı a’lemge tarat dep ilimge ha’m ag’artıwshılıqqa shaqıradı.

O’tken jılı jılı Qaraqalpaqstan Respublikasının’ ja’miyetshiligi o’tkendegi Oraylıq Aziyanın’ ullı oyshılı, talantlı shayırı

xalqımızdın’ ruwxıy ma’deniyatın qa’liplestiriwge u’lken u’les qosg’an ullı ulama Ha’kim ata Sulayman Baqırg’aniydin’ 880-jıllıq merekesin ken’nen nıshanlaydı.

Bul waqıya O’zbekstandag’ı milliy g’a’rezsizlik ideologiyasının’ xalqımızdın’ tiykarg’ı maqset-mu’ddetlerin bildiretug’ın onın’ o’tmishi menen keleshegin bir biri menen ku’segen arzıw-armanların a’melge asırıwın, xızmet qılatug’ın onın’ talaplarınan shıqqan «Xalqımızdın’ a’sirler dawamında ju’zege kelgen joqarı ruwhiyatı, da’stu’r ha’m a’depleri, ullı babalarımızdın’ o’lmes miyraslarınan azıqlanadı»-degen o’lshemine tikkeley tuwra kelip, birlestirip onın’ maqsetlerine erisiw ushın ku’sh-quwat beretug’ın negiz bolıp esaplanadı.

## I.3. Yusup Has Hajıb jaslardın’ ma’nawiy jetilisiwinde aqıl ta’rbiyasının’ ornı haqqında.

Yusup Has Hajıb aqıllılıq ha’m aqılsızlıq bir-birinen keskin ajıralıp turadı ha’m adamzat turmısında, ulıwma ja’miyette u’lken rol atqaradı degen tu’sinik beredi. Aqıllılıqtı jırlay otırıp, aqıllılıq-bul ku’shli qural, ol adamzat ja’miyetinin’ gu’lleniwin ta’miyinleydi, al aqılsızlıq onı ba’lege ushıratadı deydi Yusup. Bir jag’ınan bilimlerdi quday inam etken sawg’a retinde qabıllay otırıp, bılay deydi:

*«Quday kimge bilim ha’m aqıl berse,*
*bul og’an iygilik isler buyrıg’ı».*

Al ekinshi jag’ınan shayır adamnın’ aqılı tabanlılıq penen izleniwler na’tiyjesinde, oqıw, biliw na’tiyjesinde qa’liplesedi deydi. Mine, sonlıqtan Yusuptin’ isenimi boyınsha sawatlı adamlar xalıq haqqında g’amxorlıq etedi. Onın’ ta’repdarı boladı, a’dil basqaradı, a’piwayı xalıqqa adamgershilik penen

qaraydı: ilim ha'm danalıq eldi basqarıwda ko'plegen iygilikli mu'mkinshiliklerge jol ashadı.

Sonlıqtan eldin' ha'kimi dana ha'm sawatlı bolıwı tiyis. Oqıw ha'm ta'rbiya waqtında morallıq jaqtan jetilisiwge erisiledi, degen oylar turmısta rawajlanadı ha'm sawdada ha'm o'nermentshilikte ko'rinedi, kitaplarda «adamnın' abıroyı bilimler menen belgilenedi» degen atama kitapta tiykarlay berilgen.

Ha'mme na'rsenin' a'melge asırılıwın qudaydan ku'tpewge shaqıra otırıp, adamlarg'a bilimdi quday beredi mish degen oy menen shayır adamlardı o'z betinshe izleniwge ha'm usı bilimlerge erisiwge shaqıradı. Onın' pikirinshe, tek sawatlı, aqıllı jetilisken adamlar g'ana ja'ha'nnın' sırların, jerdegi turmıstın' a'hmiyetli bo'limin biliwge erisedi. Yusup Has Hajıb sonday-aq bilimsiz adamlar du'nyanın' ha'r qıylı qubılısların aqırına deyin tu'sine almag'anlıqtan nawqas adamlar sıyaqlı jasaydı deydi. Shayır bilimlerge o'zinin' ko'z-qarasın bılayınsha bildiredi:

*«Bilimsiz so'zsiz soqır adam,*
*Ol ko'redi, lekin parqına tu'sinbeydi,*
*Ha'y ladan kel, bilimnen u'les al,*
*Bilim adamg'a dan'q, abıroy a'perer,*
*Anadan adam bilimsiz tuwıladı,*
*Keyin bilim u'yrenip to'rge shıg'adı»,*[a']

Yusuptin' tu'sinigi boyınsha, adamnın' adamgershilik penen jasawı ushın aqıl baslı sha'rt bolıp tabıladı, o'ytkeni bilim tu'nektegi jaqtılıq sıyaqlı, zulımlıq ha'm miyrimsizlik du'nyasındag'ı jaqsılı sıyaqlı. Bilim adamg'a miyrimli bolıwg'a ja'rdemlesedi, al adam bilimnin' arkasında unamlı qa'siyetlerge iye boladı ha'm do'geregindegilerdin' hu'rmet dıqqatına ılayıq boladı. Ja'ha'ndag'ı barlıq sırlar ha'm ashılmag'an, izertlenbegen na'rseler bilimnin' ku'shi menen ashıladı.

*Jaratıwshı aytqanınday, aqıllı bol sen adam,*

*Bilim menen jarqrasın ju'zlerin'.*

Bilim ha’m ilim iyelewdi jaslarg’a na’siyat ete otırıp, shayır bunda o’zinin’ ta’rbiyalı, sawatlılıq pedagogikalıq ha’m psixologiyalıq ta’jiriybesine su’yenedi. Jaslarg’a aqıl u’yretiwdin’ balalıq da’wirden baslanatug’ının qattı aytıp eskertedi.

*«Balalardın’ jaqsılıqqa u’yretsen’.*
*İygilikli istin’ jemisin jeydi».*[a’]

Bilimlerdin’ paydası haqqında oyg’a Yusup bir neshe ret qayta oraladı, oqıw, tusinik, bilimlerdin’ paydası, olardı qollana biliw ha’m basqada tu’siniklerdin’ ma’nisin ha’m o’zinin’ pikiri boyınsha nag’ız adamdı sıpatlaytug’ın barlıq na’rseni, onın’ dan’qın shıg’aratug’ının ha’m abrayın ko’teretug’ının ashıp ko’rsetedi:

*«İlim bilim menen shıqsan’ ba’lentke,*
*Erisesen’ xalıq aldında hu’rmetke».*[g’]

Shayırdın’ bilimlerge baylanıslı ko’p na’rsege erisiw, ha’tte dozaqtın’ otınanda qutılıw, mu’mkin degen pikiri qızıq.

*«Quday xızmetine u’yren ilimdi,*
*İlim menen maqset gilti o’zin’de».*[q]

Shayırdın’ bunday batıl oyları pikirleri bizge onı og’ada dinshil etip ko’rsetedi. Aqıldın’ ja’rdemi menen ha’tte adamzat sol da’wirde biliw mu’mkin emes dep a’detlenip ketken qubılıslardı ha’m ja’ha’ndag’ı jag’daylardı da tu’siniw aqıldın’ ja’rdemi menen tu’siniw mu’mkin deydi. Aqıllı adamlar ko’plegen zatlardın’ ma’nisine tu’sinedi, olardın’ na’tiyjeleri haqqında oy juwırtadı, ashılg’an jan’alıqlardı maqtanısh etedi. Al nadanlarg’a kelsek olar o’zlerinin’ topaslıg’ınan ulıwma hu’rmetke erispeydi. Do’gerektegi adamlar olardı soqır adamlar sıpatında qabıllaydı, al Yusup sawatsızlardı bilim iyelewge shaqıradı, bilimler danalıg’ının’ g’a’ziynesinen o’zinin’ u’lesin alıw za’ru’rligin olar esine saladı.

Shayır oylawdın’ aqıllı pikir ju’ritiwdin’ tiykarg’ı derekleri biologiyalıq qubılıslardan ibarat, barlıq aqıl protsessleri tek bas miydin’ ja’rdemi menen a’melge asadı degen pikirdi tastıyıqlaydı.

Yusuptin' aqıl ha'm adam ha'reketlerinin' arasındag'ı o'z-ara baylanısı tuwralı pikirlerin ko'rsetip o'tiw a'hmiyetli.

*«Aqıllı-ullı bilimli bilikti,*
*Ekewi qonsa ullı eter jigitti,*
*Aqıl kimde bolsa ullılıq sonda,*
*Bilim kimde bolsa baxıtta sonda».*[a']

Bunday pikirler adamlardın' sawatlılıg'ı ha'm danalıg'ı tek jeke ma'plerdi qanaatlandırıwg'a g'ana emes, al g'alaba xalıqlıq ja'miyetlik kiygilikli iste paydalanıwı tiyis ekenligin ko'rsetedi.

Jaslarg'a aqıl u'yretiwdin' ha'm olardı ta'rbiyalawdın' didaktikalıq usılın Yusuptin' qollanıwı da xalıq pedagogikasının' ha'm shıg'ıs pedagogikalarının' a'yyemgi da'su'rlerin dawam etiwden kelip shıqqan.

Oyshılg'a ma'lim bolg'anınday, na'siyat so'zlerdin' ja'rdemi menen xalıqtı aqılg'a ta'rbiyalaw barlıq waqıtta mazmunlı ha'm na'tiyjeli bola bermegen. Sonlıqtan ol aqıl, bilim beretug'ın tiykarg'ı orın-bul medrese deydi.

Yusup jasag'an da'wirde ilim din menen tıg'ız baylanısqan edi, sonın' aqıbetinde diniy u'git-na'siyat ha'm diniy sıpattag'ı na'siyatlar jaslarg'a ku'shli ta'sir jasadı. Pedagogika ilimlerinin' doktorı O'serbay A'lewovtın' jazg'anınday Yusup Has Hajıt ta'biyiy ilimler menen diniy ta'g'liymattı barabar o'zlestiriwdi ha'm olardı bir-birine qarama-qarsı qoymay u'yreniwdi ayttı.

Yusup Has Hajıttın' poemasında adamg'a ta'rbiyalıq ta'sir jasawda, aqıl a'dep-ikramlılıq, estetikalıq, fizikalıq ha'm miynet ta'riyası sıyaqlı adam qa'siyetlerin qa'liplestiriw ta'repleri sa'wlelengen. Shayır adamdı ruwxıy ta'repten ta'rbiyalaw ushın og'an ta'n bolg'an o'zgesheliklerdi biliw kerek dedi. «Qutadg'u bilig» poemasında ta'rbiya protsessine jeke mu'na'sebette bolıw belgileri bar, dep isenimli aytıw mu'mkin.

Joqarıda ko'rsetip o'tkenimizdey, Yusup o'z zamanındag'ı ilimlerdin' barlıq tarawlarınan xabardar adam bolg'an ha'm sonlıqtan ol o'zinin' poemasında astronomiyadan, geometriyadan, meditsinadan, psixologiyadan, astrologiyadan

mag'lıwmatlar ha'm mısallardı ja'ne o'z qa'wimleslerinin' u'rp-a'detlerin ha'm da'stu'rlerin paydalang'an.

Poemanı jazarda ol o'zinen burın o'tken g'00 den aslam ilimiy ha'm a'debiy dereklerden paydalang'an. Ol da'wirlerde a'debiyattı qayta islew ha'm paydalanıw usılları durıs qatan' bolmag'anlıqtan shayır pu'tkil poetikalıq bayanlaw da'wirinde «danıshpannın' aytqanınday, xabardar adamlardın' gu'rrin' etkenindey», «shayırdın' gu'rrin' etkenindey», «danıshpan bir insannın' gu'rrin' etkenindey» ha'm tag'ı basqalar sıyaqlı da'lil etip ko'rsetiwleri menen sheklenedi. Sonın' menen bir waqıtta o'z da'lil etip ko'rsetiwler menen sheklenedi. Sonın' menen bir waqıtta o'z da'wirinin' izertlewshisi sıpatında ha'reket etip, ol o'z zamanındag'ı haqıykatlıqtın' du'nyasın ashıp beredi. Xalıqtın' awızeki do'retpelerinin' u'lgilerin ken' ha'm jemisl paydalana otırıp, ol poemag'a adam isimlerin kirgizedi, o'zinin' do'retpesin qızıqlı gu'rrin'ler, naqıl-maqallar menen ta'miyinleydi.

Poema moral filosofiyasın ruwxıy du'nyanı ashıp ko'rsetiw jobasında jazılg'anlıqtan onda to'rt filosofiyalıq tu'sinik sa'wlelenedi: bular a'dillik, baxıt, aqıl ha'm sezim talanadı. Sonın' menen bir waqıtta shayır o'zinin' pikirlerin o'z da'wirinin' ko'rnekli ilimpazlarının' aytqan pikirleri menen baylanıstıra otırıp, adamlarda biologiyalıq, fizologiyalıq ha'm ruwxıy-psixologiyalıq oylawı o'z-ara baylanıslı eken deydi.

Adamlardın' aqılı dana bolıwında olardın' yadta saqlawshılıq uqıplıqları, bekkem bolıwına, yadsız bilimnin' tıyanaqlı rawajlanıbaytug'ın baha berip:

*«Aqıl esli adam umıtshaq bolmas,*
*Aqıl essiz qatı-qulaq bolmas,*
*Aqılsızlar este hesh zat saqlamas»,-deydi.*[a']

Yusup Balasagundi adamdag'ı seziw, biliw ha'm ruwxıy protsesslerdi payda etetug'ın organlarg'a a'bden dıqqat awdarıp shayır u'yreniwdin' birinshi baskıshı sırtqı du'nyanın' ta'siri astında payda bolatug'ın sezim qubılıslarına g'a'rezli ekenligin aytadı.

Ja'miyetlik ten'sizlik, baylıq ha'm jarıqlılıq, doslıq ha'm dushpanlıq, ayırım waqıyalardın' kelip shıg'ıw sebeplerin ashıw arqalı adamnın' abstrakt oylawına u'lken a'hmiyet bere otırıp, ol abstrakt oylaw formaların baqlaydı.

Abstrakt oylaw shayır bar mu'mkinshiliklerge baylanıslı oylawdı tu'singen. Yusuptin' pikirinshe zatlar menen qubılıslar arasındag'ı baylanıslap, qatnasıqlar abstrakt oylaw ja'rdemi menen ashıladı. Bul protsesste baylanıslardı, sebeplerdi ha'm aqıbetlerdi ja'mlestirip qabıllawg'a u'lken rol beriledi.

Yusup sonday-aq adam erki problemasın qarawg'a da na'zer taslaydı. Shayır «erk» degen tu'sinikke shıdamlılıqtı, to'tepkini, qanaattı,o'zin tuta bliwdi, keyipti kirgizedi ha'm olardı subekt ushın ku'ta' a'hmiyetli dep esaplay otırıp, adamnın' minez-qulqın, shıdamın ha'm sabırlılıg'ın ko'bines aqıl menen basqarılatug'ın qubılıslar retinde qabıl etedi.

Balalardın' saldamlı ha'm a'jayıp tuwılg'an ku'nnen baslap semyada qanday ta'rbiya alg'anlıg'ına baylanıslı boladı. Sonlıqtan ata-analar ushın to'mendegi na'siyat so'zlerdi aytadı:

*Na'sip etse eger ul ha'm qız sag'an,*
*Saqlag'ıl olardı tilsuqtan aman,*
*O'z basına ketse ha'r eki perzent,*
*Jang'an otqa salıp ku'ydirer o'rtep,*
*Ullı u'yret barlıq o'ner-bilimge,*
*O'z-azıg'ın o'zi tabar tu'binde,*
*Ul-qızın'a ilim u'yret, blim ber,*
*Pu'tkil a'lem sag'an qarap ku'limler.*[a']

Shayırdın' iseniminshe semyada balalardın' a'depliligi iygilikli ta'rbiya ta'siri astında qa'lipleksen jag'dayda g'ana olar  basqa da a'depli ha'm hu'rmetli adamlar sıyaqlı nag'ız adamlar bolıp o'sedi, al bunday adamdı iygilikli ruwxıy qa'liplestiriw minnetli tu'rde adamdı jaqsı ha'reketler islewge alıp keledi.

Semyalıq ta’rbiya mashqalasın Yusup sol da’wir ushın sıpatlı bolg’an feodallıq tu’sinikler ha’m tiykarlar pozitsiyasınan sheshed, solay bolsada onın’ pikirlerinde bir qatar adamgershilik qa’siyetlerin atap ko’rsetiw mu’mkin:

*Bolasınlı ul-qız tursa aldında,*
*U’yde saqla, jat jerlerde qaldırma,*
*Uldı baqla, biykar qarap ju’rmesin.*
*Qızdı baqla, ol qulpırıp gu’llensin.*[g’]

Biraq Yusuptin’ pikiri boyınsha kishkene qızlarg’a qatan’ıraq qaraw kerek, a’sirese, olardı erkeletpew ha’m ulken qızlardanda ko’zdi almaw kerek:

*Qattı tutıp qorg’ashala hayaldı,*
*Sonda o’mir su’resen’ sen payanlı,*
*Sen onı shıg’arma hasla uwıstan,*
*Sonda sag’an pu’tkil a’lem gu’listan.*
*Hayal almaq bolsan’ oylap qararsan’,*
*Jeti o’lshep tan’lawlısın alarsan’*[a’].

Balalardın’ ha’m qızlardın’ ta’rbiyasına toqtap, shayır bılay deydi, balalarg’a tuwılg’an u’ydi hu’rmetlew sezimin sin’diriw, olardı o’z semyasının’ ag’zalarına su’yispenshilik sezimlerin ta’rbiyalaw, al usı jaqsı ko’riwshilik arqalı o’z watanın’a su’yispenshilik sezimin qa’liplestiriw kerek.

Shayır jaslarg’a, ma’selen, ol omirlik joldas bola alatug’ın ılayıqlı su’yikli qızdı tawıp alıwın, jaslardın’ aqıldı, jaqsı niyetli, ar-namıslı ata-analardın’ qızlarına u’yleniwin ken’es etedi, olarda to’rt a’jayıp a’dep-ikramlılıq qa’siyet bolıwı kerek:

*Jaqsı bolsa ata-tegi, hasılı,*
*Ol sag’an o’mirlik ba’ha’r pasılı,*
*Ba’lkim, o’zin’ pa’s qızdı alarsan’,*
*Biraq, sen bir o’mir qul bol qalarsan’,*
*Ko’rki emes, minez-qulqın alg’aysan’,*
*Jaqsılar ıshqında ot bol jang’aysan’.*
*Alsan’ o’z ten’in’di, su’genin’di al,*
*Sol sag’an tawsılmas baxıt, du’nya mal.*

dep ko’rsetedi.

O’mirlik joldastı tan’lap alıwdı hayaldın’ go’zzallıg’ı emes, al onın’ janı baslı ha’m a’hmiyetli sha’rt bolıp tabıladı, deydi shayır.

*Jaqsı jerdin’ qızın al, qol tiymegen,*
*Sennen o’zge yardın’ ju’zin ko’rmegen,*
*Seni su’ysin, basqa jandı bilmesin,*
*Ko’zin’e sho’p salıp ju’re go’rmesin.*

Aqıllı joqarı qa’siyetleri hayaldın’ go’zzallıg’ı, sırtqı emes, al ishki go’zzallıg’ı ja’ne hadallıg’ı menen baylanısıwı tiyis dep pikirin dawam etedi:

*Baydın’ qızın alsan’, bir qul bolarsan’,*
*Al, sulıwdı alsan’, bir pul bolarsan’,*
*To’rkini zordı alsan’, ku’sh ku’yew bolıp,*
*Aqırı qor bolarsan’ gu’llerdey solıp.*
*Eger o’mirlikke tan’lasan’ız yar,*
*Uyatı bar ata-ananın qızın al.*

Adamlardın’ minez-qulqın, olardın’ ha’reketlerin baqlay otırıp, shayır olardın’ a’deplerinin’ ha’r qıylılıg’ı basqalardan u’lgialıwına, basqalardan ta’sirleniwine baylanıslı ekenligin ko’rsetti, bunın’ barlıg’ı aqırg’ı esapta alıng’an ta’rbiyanın’ jemisi bolıp tabıladı.

Shayır adamlardın’ ruwxıy o’z-ara qatnasıqlarının’ tiykarın og’ada jaqsı tu’sindi, olardın’ o’z-ara g’a’rezsizligin ko’rdi ha’m adamnın’ minez-qulqın o’z-ara ta’siri adam ortalıqtan, ja’miyetten adıralıp jasay almaydı ha’m onın’ jaqsı ya jaman bolıwı ayqın ortalıqqa baylanıslı dep ol bir neshe ret atap ko’rsetti.

Yusup Has Hajıb tek jaslardı g’ana emes, al ulıwma ja’miyettin’ barlıq ag’zaların ruwxıylıqqa ta’rbiyalawdın’ o’shpes a’hmiyetin joqarı bahaladı, o’ytkeni ja’miyettin’ bolajaq ag’zaların sawatlı ma’deniyatlı, jaqsı niyetli, joqarı adamgershilikli etip ta’rbiyalaw-bul turmıstın’ sharapatlı nızamı, bul ja’miyettin’de, ata-analardın’ da, ta’rbiyalaw arqalı ha’tte en’ bir miyrimsiz zulımlardı da xalıqtı ayawsız ekspluatatsiyalap atırg’an feodallardı da, ja’miyettin’ unamlı wa’killerine qosıw ha’m bunın’ menen a’piwayı xalıqtın’ sotsiallıq awhalg’a paydalı ta’sir jasaw mu’mkin dep oyladı. Bul da’liller waqında o’z rolin

atqaradı, ol danıshpan ilimpazdın' adamdı a'dep-ikramlılıq jaqtan jetilistiriw ideyaları bizin' da'wirimizde de o'zlerinin' bahalılıg'ın ha'm a'hmiyetin joyıtpaydı.

O'zinin' «Qutadg'u bilig» degen kitabında sol da'wirdin' barlıq ja'miyetlik mashqalalarına o'zinin' mu'na'sibetin bildirdi, morallıq normalardı rawajlandırıwg'a baylanıslı o'zinin'  ko'p jıllıq izleniwlerin juwmaqlastıradı ha'm olardı xaqıyqıy turmısqa asırıw ushın a'dewir ku'sh saldı. Ol ja'miyetag'zaları turmısqa asırıw ushın a'dewir ku'sh saldı. Ol ja'miyet ag'zaları bolg'an o'z zamanlaslarına o'z-ara hu'rmetke ha'm bir-birewdi qollap-quwatlawg'a umtılıw sezimin oyattı.

Shayır adamgershilik, miynet su'ygishlik, ma'deniyat sıyaqlı adamnın' jokarı ha'm ken' peyillilik qa'siyetlerin joqarı bahaladı ha'm sonın' menen bir waqıtta nadanlıq, jalaqorlıq, opasızlıq, iyni tu'siwshilik, satkınlıq sıyaqlı adamnın' unamsız qa'siyetlerin ayqın epizodlarg'a ha'm mısallarda a'shkaralaydı, bular pu'tkil adamzat ja'myietine zıyan keltiredi.

Yusup Has Hajıb o'zinin' poemasında adamlardın' jaqsı a'detderinin' ha'm minez-qulqının' en' jaqsı belgilerin ha'm sheklerin su'yispenshilik penen atap ko'rsetedi. Barlıq unamlı qa'siyetlerdi ol «qayırlı is» dep, al «unamsızların aqılsızlıq» degen awır so'z benen a'shkaralaydı.

O'z zamanının' ja'miyetlik-siyasiy ha'm sotsiallıq turmıs mashqalalarına onın' a'bden ha'm teren' dıqqat bo'liwi, ilimnin' barlıq tarwlarındag'ı jetiskenliklerden onın' xabardar bolıwı ilimpazg'a moral haqqında ta'sirli ha'm janlı ta'liymat du'ziw imkaniyatın berdi. Onın' pikirinshe, qayırlı is, adamg'a joqarı hu'rmet, paydalı miynet jumısı barlıq qa'demlerdin' iygilikli niyetlerdin' ha'm tabıslardın' tiykarın quraydı. Bul jobadan ol «Paydasız adam-quwrag'an terek» degen xalıq danalıg'ın basshılıqqa aladı. Usı xalıq danalıg'ı ullı oyshıldın' a'diwli ideyasına  u'nles is islewi, jaqsılıq etiwi tiyis, dep esaplaydı.

O’zinin’ ideyaları ha’m ruwxıylıq ta’rbiyası menen ol jaslarda ba’rinen burın joqarı adamgershilikti, adamdı su’yiw psixologiyasın qa’liplestiriwdi talap etedi, bul pikirin ol mına qosıq qatarlarında bildiredi:

*Bul xalıqqa shın pa’rmana,*
*Qayırlı is qıl ba’rhama,*
*Hadaldan mal-du’nya tap*
*Awıssa ashqa u’lestir,*
*Bol a’zzige ku’sh-quwat*
*Onıda ko’shke ilestir..*

Yusup Has Hajıb hadal miynet penen aqsha tabıw joqarı adamgershilik ko’rinislerinin’ biri bolıp tabıladı dep esaplaydı. Bunnan keyin ol awısıq na’rselerdi jetimler, baxıtsızlıqqa ushrag’anlar ha’m ka’mbag’allar menen bo’lisiw, ortalıqlasıw, ha’lsizlerge ko’meklesiw, sorlılardı jubatıw, olar haqqında g’amxorlıq etiw kerek dep atap ko’rsetedi:

Shayır jaqsı adamgershilik o’z-ara qatnasıqlar turmısta za’ru’rli bolatug’ın en’ bir a’hmiyetli na’rse bolıp tabıladı dep ayrıqsha atap ko’rsetedi. Jıllı ha’m ta’sirli o’z-ara qatnasıqlardan adamlarda su’yispenshilik hu’rmet, doslıq sezimleri payda boladı ha’m bulardın’ barlıg’ı adamzat tariyxında ha’reketke keltiriwshi ku’sh bolıp tabıladı deydi ol. Kim o’zin-o’zi hu’rmetlese basqalardı da hu’rmetlep biledi. Adam basqalardı hu’rmetley bilse onın’ o’zine de hu’rmet penen qaraydı. Adamnın’ go’zzallıg’ı onın’ ruwxıy rawajlanıwına tıg’ız baylanıslı. Bunı da’lillew ushın, o’zinin’ morallıq ta’liymatına adamlardı isendiriw ushın turmıstan ko’plep mısallar keltiredi. Shayır jaqsılıq, jigitlik da’wir ma’n’gi dawam etpeydi, turmıs o’mir turaqlı ha’rekette boladı, du’nyada ko’p ha’m jaqsı iygilikli isler a’wladlarg’a a’jayıp miyras qaldırg’an talay adamlar jasag’an, jaqsı adamnan barlıq waqıtta jaqsı isler, jaqsı so’zler ha’m jaqsı dan’q qalatug’ınlıg’ın gu’rrin’ etedi. Al elede jasaw gezegi kelgen adamlar a’depli, aqıl menen jasawı, o’zinen keyin ılayıqlı estelik qaldırıwı tiyis. Ja’ha’nnın’ ma’n’gi jasaarıwınan janalanıwının’ sebepleri de usınnan ibarat.

Jaslardın’ ruwxıy ta’rbiyasın kimlerge isenip tapsırıw mu’kkin? Ta’rbiyashıg’a qanday talap qoyıw mu’mkin? Jaslardı qalay ta’rbiyalaw kerek? Usınday sorawlar qoya otırıp, Yusup Has Hajıb jaslıqtı qa’liplestiriw boyınsha ta’rbiyalıq ta’sirdin’ tutas bir sistemasın oylap taptı, onın’ mazmunın, formaların ha’m usılların belgilep berdi.

«Qutadg’u bilig» poemasında Yusup Has Hajıb usıng’an ta’rbiya sisteması ta’rbiyanın’ ayqın belgilengen tu’rleri bolıp tabıladı. (a’dep-ikarmlılıq, estetikalıq, miynet, fizikalıq, patriotlıq azamatlıq internatsionallıq).

Shayır poemanın’ «So’z a’depliligi» babında teren’ ma’nili so’ylew tilge teren’ ma’ni bere otırıp til haqqında bir katar na’siyatlar aytadı:

*Til adamdı abıraylı qıladı,*
*Hasıl bolar barlıq maqset muradı,*
*Til adamdı abraysız da etedi,*
*Oylamag’an jerde qa’dirin’ ketedi.*

Ko’rkem so’zdin’ rolin ashıp bere otırıp, ol so’zdi altın ha’m gu’mis penen salıstıradı, bunday jaqsı so’zler ha’r qanday altın ha’m gu’misten de qa’dirli, o’ytkeni altın ha’m gu’mis en’ da’slep bahalı bolsa da sonın’ o’shiwi mu’mkin, al jaqsı so’zler o’tkermeli ma’nide altın ha’m gu’miske aylanıwı, al son’ınan materiallasıp ma’n’gi jaqsı doslarg’a aylanıp ketiwi mu’mkin.

*Menin’ sag’an miyras altın gu’misim*
*So’zge ten’ kelmeydi ba’ri shirisin,*
*Gu’misti iske salsaq pitip qaladı,*
*So’zimli iske salsaq gu’mis tabadı.*[g’]

Tildin’ unamsız qa’siyetleri haqqında, tildin’ geyde za’ha’rli bolatugınlıg’ı tuwralı ayta kelip, shayır a’sirese jaslarda a’depsizlikti payda etedi deydi:

*Esik baqqan til arıslan ashıwlı,*
*Saq bolmasan’ jutar senin’ basın’dı,*
*Til kisini qa’dirin eter baq qonar,*
*Til jer qılar etetug’ın bas bolar.*[a’]

O'zinin' oyların'dı ha'm so'zin'di basqara biliw kerek: bir na'rseni aytapastan burın jaqsılap oylanıw kerek, dep u'yretedi jaslarg'a Yusup Has Hajıb:

*Tilin'di abayla tisin' sınıp qalmasın,*
*So'zin'di abayla basın' kesip almasın,*
*Aqıl menen is isle kimde kim,*
*İsi rawaj bolar onın' ku'nbe-ku'n.*[g']

Jaslardı miynetke ta'rbiyalaw Yusup Has Hajıbtın' do'retiwshiliginde u'lken ha'm a'hmiyetli orın tutadı, o'ytkeni ol bunı a'depli ha'm hadal adamnın' a'dep-ikramlılıg'ının' qurama bo'legi bolıp tabıladı. Sonlıqtan Yusup jaslardı shınıqqan, miynet su'ygish etip ta'rbiyalaw za'ru'rligin, jas adamnın' anaw ya mınaw o'nerdi yamasa ka'sipti iyelewi kerekligin aytadı:

*Uldı, qızdı u'yret ilim, o'erge,*
*Mal dawletli bolg'ın' kelse egerde,*
*Ul qızına ilim u'yret, bilim ber,*
*Pu'tkil du'nya sag'an ku'ndey ku'limler.*[q]

Yusup Has Hajıb adam turmısının' barlıq tarawlarında a'depli ha'reketlerdi islew za'ru'rligin aytqan, atap aytqanda minez-qulıktın' etikalıq normalarına ha'm bayramlarda, ko'shelerde basqada ja'miyetlik orınlarda o'zin tuta biliwge ha'm o'zin-o'zi qadag'alay biliwge a'hmiyet bergen.

Solay etip adamnın' ruwxıylıqqa a'dep-ikramlılıg'ın qa'liplestiriwdin' ayrıqsha a'hmiyetin ko'rsete otırıp, Yusup Has Hajıb adamdı a'deplilikke ta'rbiyalawdın' joqarı da'rejesi-bul onın' jaqsı isleri, jaqsı qa'siyetleri, dep biledi:

*«Jaqsı ko'p jasasa, hasla aljaspas,*
*Jaman kansha jasasada mandımas,*
*Jamanlıq qılmag'ıl, jamanlıq jaman,*
*Jamannın' ko'kiregi qaran'g'ı duman».*

Shın kewilden sadıq, nag'ız dos ha'm aldawg'a ja'ne satqınlıqqa uqıplı doslıq haqqındag'ı pikirleri Yusup Balasagunlinin' pedagogikalıq ko'z qaraslarının' belgili bo'legin quraydı. Adamnın' minez-kulkı o'z-ara qatnasıqlarda, ha'r qıylı turmıslıq jag'daylardı sheshiwde ko'rinedi. Sonlıqtan doslar arasında nag'ız, sadıq

adamlar ha’m hiyleker, o’zin «dospan» dep ko’rsetetug’ın aldawshılar, jeke jobaların a’melge asırıw ha’m payda go’zlewshi adamlarda bolıwı mu’mkin dep eskertedi ol:

*«Shın dos dep tartsam o’zime,*
*Jaw bop shıqtı, qarsı keldi so’zime»,* [a’]

Jaslarg’a a’deplilikti u’yrete otırıp, shayır adamlarg’a o’z aldına sıpatlama beredi, adamzatta to’rt faktor qa’liplestiredi deydi:

*«Birinshisi tuwrılıq, a’dalatdur,*
*Ekinshisi ma’mleket baxıt-ıg’baldur,*
*Ushinshisi ullılıq aqıldur,*
*To’rtinshisi qanaatdur»*[g’]

Yusup Has Hajıb ja’miyette ha’r qıylı adam jasaydı biri bilimli, biri miynetkesh, biri sharwag’a beyim, mine usılar menen qanday karım-qatnasta bolıwdı ayta kelip a’sirese biilim izlegen adamlardı qa’dirle ol eldin’ azıg’ı ha’m keleshegi degen pikirlerdi aytadı:

*«Bular menen katnas kewlin’ toladı,*
*İshkenin’ ha’m jegenin’ hadal boladı,*
*Solar sag’an ha’r qa’demde kerekli,*
*Olardın’ o’mirde ornı bo’lekdur».*
*Solar menen bol sen qarım-katnasta,*
*Hesh qashan, hesh waqıt joldan adaspa,*
*Mudamı jigerli bolmag’ın’ kerek,*
*Hadal bolsın ba’rha niyet ha’m ju’rek.*
*Bekler ju’rsin be na’rseden alıslap.*
*Ushqalaqlıq, saqımarlıq, jo’nsiz ga’p*
*Nadanlıq, qırsıqlıq bilsen’iz eger,*
*O’tirik so’z basın’dı jerge kirgizer.*

Shayır o’zlerinashıq kewilli ha’m aqılg’a ug’ras tutıp ju’retug’ın adamlardın’ ayrıqsha toparın atap korsetedi ha’m solar menen dos bolıwdı ken’es etedi:

*Olardın’ aqıl ha’m parasatı-en’ jaqsı qa’siyetler,*
*Sonlıqtan da olar hu’rmet ha’m maqtawg’a ılayıq.*

O’zinin’ barlıq tın’lawshılarına miymanda bolg’anda a’depli minez-qulıq qa’delerin saqlaw, haqqında ku’ta’ aqıllı ken’es beredi:

*Na’psini tıy, hasla na’psiqaw bolma,*
*Qulqın ushın abraydı bermegil qoldan,*
*Talay ko’rdim mine degen erlerdi,*
*Qulqın tıymag’annan jurtlar jerkendi.*
*U’yren sen a’depke, jıllı so’ylewge,*
*Ol seni u’yreter alg’a o’rlewge,*
*Bilimsizge zaya etpe so’zin’di,*
*Bilimsizden awlaq tut sen o’zin’di.*

Solay etip Sultan. Ol ma’mlekettin’ barlıq islerin basqaradı ha’m joqarı a’dep-ikramlı bolıwı u’lken aqılg’a iye bolıwı tiyis. Sultan qudaydın’ erki menen tayınlang’an eldin’ birden-bir ha’kimi bolıp tabıladı. Sonlıqtan Yusup xalıqqa sultan ha’kimiyatı-bul qudaydan, onı tın’lamawg’a bolmaydı, al eger kimde-kim og’an qarsı shıqsa ol o’lim jazasına hu’kim etiledi deydi tikkeley. Patshalar bekler, xanlar qanday a’dep-ikramlılıq qa’siyetlerine iye bolıwı tiyisW Bul sorawg’a shayır pu’tkilley ayqın juwap beredi:

*Quday kimge beklik wazıypasın ılayıq ko’rse,*
*Da’slep og’an pa’m parasat is ılayıq ko’redi*
*Quday kimdi bek qılaman dese,*
*Og’an qusqa qanaat bergendey minez-qulıq beredi.*

Yusup Has Hajıb sonday-aq bılay dep atap ko’rsetedi, xan sarayındag’ılar aqıl-parasatlı, a’depli adamlar menen jaqsı qatnasıklarda bolıwı ha’m o’zleri ma’sku’nemshilikke berilmewi tiyis. Bunnan keyin ol saraydag’ılardın’ minez-qulqı sultannın’ ma’mleketti qalay basqaratug’ınlıg’ına, onın’ o’z islerin qalay ju’rgizip atırg’anlıg’ına baylanıslı ekenligin ko’rsetti. Eger patsha sawatlı adam bolsa, onda ol do’geregine biletug’ın, ko’p na’rselerden xabardar aqıllı ha’m dana ja’rdemshilerdi jıynaydı ha’m solar menen jaqsı qatnasıqlarda boladı, olardın’ a’deplilik minez-qulqın baqlap baradı. Ol ishiwshilikke ma’slikke berilmewi kerek deydi,

*Bekler iship sharapqa boy iyse eger,*
*Qunı qashıp eldin' mun'ı ku'sheyer,*
*İshken kisi aqılınan adasar,*
*Al aqılsız jaman iske miyasar.* [5]

Adamlarg'a a'deplilikke baylanıslı na'siyat bere otırıp, Yusup mınaday juwmaqqa keledi, sultannın' ken' peyilli bolg'anı jaqsı, al ol durıs nızamlar shıg'arıp, olardı saraydag'ı aqıllı ha'mledarlar turmısqa asırsa onnanda jaqsıraq boladı:

*Bek xalıqtı bilim menen isendirer,*
*Barlıg'ında aqıl iske jen'direr,*
*Basshı isti bilim menen basqarsın,*
*Batır bolıp birlik penen aqlansın.*

Shayır sarayındag'ı ha'mledarlardın', wa'zirlerden baslap aspazlarg'a deyingi adamlardın' hadal haq niyetli bolıwının', patshanın' o'z minnetlerinin' orınlanıwın talapshan'lıq penen qatan' tu'rde sorawının' ha'm atalıq g'amxorlıq ko'rsetiwinin' ta'reptarı bolıp ha'reket etti:

*Bek kerekli bolsın jawı ku'yingen,*
*Ju'zi jıllı ko'rer ko'zler su'yingen,*
*Bek u'lgili minez benen isinen,*
*O'rnek alıp xalıq ju'redi izinen.*

o'zinin' zamanlasları-sultan ha'm onın' ha'mledarları haqqında pikir juwırta otırıp, Yusup olarg'a Kuntudının', Aytoldının' Ugdılmıshtın' ha'm Ugdırmıshtın' obrazların beredi ha'm olardı saraydag'ı zamanlasları ushın u'lgi bolganday etip sonshelli ayqın ha'm tu'sinikli su'wretleydi.

Yusup o'zinin' oy-pikirlerin Ugdılmıshtın' tili menen bildiredi, ol patshanı ha'm onın' ha'mledarların jaqsı islerge ha'm iygilikkli tabıslarg'a ruwxlandıra otırıp, olardı japakesh ka'mbag'allar haqqında shın ju'rekten g'amxorlıq etiwge shaqıradı. Sutlang'a qarata ol bılay deydi:

*Qut opasız bolıp, joldan janılma,*

---

[5] Sonda , wg'-bet.

*O'zin'nen pa's adamg'a hesh jalınba,*
*Qurı mal-du'nyag'a marapatlanba,*
*El-jurtın'dı oyla, ta'jim et ba'rha.*

Bunday oy pikirler Yusup Has Hajıbtın' adamgershilik penen ha'm xalıqka su'yispenshlik penen suwg'arılg'an do'retpe sıpatında onın' poemasının' a'hmiyetin arttıradı. Biraq Yusup Has Hajıb zamanlas feodallardın' islegen dushpanlıq ha'm jawızlıqlarının' gu'wası bolsada, ol bulardın' illetlerin sıng'a alıwdan qashadı:

Yusup Has Hajıb feodallıq ha'kimiyattı bekkemlew ushın ha'reket etti ha'm feodallıq topardı ta'replewge ha'm ardaqlawg'a umtıldı, ja'ne sonın' menen bir waqıtta patshalar ha'm sultanlar durıs nızamlardı basshılıqqa aldı ha'm a'piwayı xalıqtı ayadı degen o'zinin' haqıykıy ha'm a'dil ideyaların tarattı.

Yusup Has Hajıb adamlardın' ku'n ko'rinisine, tabıs tabıw uqıbına qarap u'sh tu'rge bo'ledi: birewi baylar-bular xalıqtag'ı en' ku'shli, qu'diretli, aytqanı bolatug'ın adamlar.

Ekinshisine: ortasha adamlar bular baylardın' ju'gin ko'terip baylar to'legen salıqlardı to'ley almaydı deydi. Al, u'shinshisi bolsa ash , kambag'allar bular ortashalar to'leytug'ın to'lemdi to'ley almaydı dep ko'rsetedi. Kambag'allarg'a ja'rdem etilse olardı ortashalar halına erisiwge ja'rdem berilse ortasha adamlar bayıw halına erisse, al kambag'al adamlar bolmawın en' kem degende ortasha jasaw za'ru'rligi bar ekenin aytadı. Sonın' menen oyshıldın' pikirinshe adam-adamg'a ja'rdem berse ja'miyette jarlı, bay degendi saplastırıp olar aralıq ayırmashılıqlar bolmawının' ta'reptarı boladı.

Solay etip shayır xalıqlar arasında alaawızlıqtı saplastırıw ta'repdarı bolıp olardı doslasıwg'a shaqıradı.

Yusup Has Hajıbtın' ko'plegen a'deplilik na'siyatlarının' arasında onın' patriotizm haqqındag'ı pikirine dıqqat bo'lmey o'tiwge bolmaydı, o'ytkeni o'z xalqının' o'tmishinin' tariyxıy miyrasın biliw ha'zirgi zaman jasların patriotlaqqa qa'liplestiriw ushın ag'ada u'lken a'hmiyetke iye boladı.

Patriotizm-a’sirler boyı bekkemlengen teren’ sezimlerdin’ biridegen anıqlamag’a tiykarlana otırıp, bizler xalıqtın’ otken tariyxı menen baylanıssız,onnan ajralg’an tu’rde u’git –na’siyat jurgize almaymız.

Yusup Has Hajıb patriotlıq ta’rbiyanı da’slep semyada a’melge asırıwdı talap etti, al bunın’ ushın ata-analar o’zlerinin’ ulları ha’m qızları ushın patriotlıq isleri, ha’reketleri menen u’lgi bolıwı tiyis. Poema tuwılg’an u’lkenin’ u’rp-a’detlerin, da’sturlerin ixtiyatlıq penen saqlaw, pikirlerdi ana tilinde durıs bildiriw za’rurligi haqqındag’ı ideyalar menen suwg’arılg’an. Onın’ jaslarg’a qaratılg’an na’siyat so’zlerinde bizde tek adamnın’ adam haqqında g’amxarlıg’ın g’ana emes, aljaqsı isleri menen patriotlıq sezimlerdi ta’rbiyalaw arasındag’ı o’z-ara baylanıstıda ko’remiz, bunı Yusup Has Hajıb to’mendegi qosıq qatarları menen tastıyıqlaydı:

*Xalıqqa eger bolg’ın’ kelse ta’sirli,*
*Jaqsılıq qıl oylay ko’rme ta’sildi,*
*O’mir degen jeldey uytqıp shabadı,*
*Ha’r kim bunda o’z soqpag’ın tabadı,*
*Ashko’z bolsan’ tez qa’dirin’ ketedi,*
*Xadal miynet iship jewge jatadı.*

Jaslardı a’skeriy patriotlıqqa ta’rbiyalap, Yusup olardın’ er jurekligin ha’m ma’rtliklerin shayır o’z shıg’armalarında so’z etadi.

Yusup Has Hajıb fizikalıq ta’rbiyanı adamnın’ ulıwma rawajlanıwının’ ha’m ruwxıy qa’liplesiwinin’ minnetli ha’m ajıralmas bo’legi dep qaraydı ,bug’an adamnın’ o’zide, ma’mlekette ma’ptar, sonlıqtanda fizikalıq ta’rbiyag’a usındaky ulken a’hmiyet beredi.

Adamnın’ ruwhıy rawajlanıwında fizikalıq ta’rbiyanan’ paydası tuwralı jahannın’ barlıq xalıqlarında aytılıp kiyatırg’an « Sap denede, sap aqıl» degen ulıwma pikir shayırdın’ salamat a’wlad haqqında ulıwma g’amxorlıg’ı boldı ja’ne ol bizin’ da’wirimizge tolıq u’nles keledi.

Tariyxıy ta’rtiptin’ ha’m shayırdın’ feodallıq jag’daylarg’a baylanıslı pedogogikalıq ko’zqaraslarındag’ı kelispewshiliklerge qaramastan Yusup Has Hajıbtın’ morallıq ta’rbiya xaqqındag’ı pikirleri o’zinen burın o’tken filosoflar menen salıstırg’anda progressiv sıpatqa iye ha’m ruwxıy ma’deniyat, sondayaq materiallıq o’ndiris tarawında da jaqarı ha’m iygilikli adam qa’siyetlerin qa’liplestiriw imkanın beredi ha’m fizikalıq ta’rbiyanı miynet penen tıg’ız baylanıstıra otırıp, shayır tez ha’reketler islew, ha’reketshilik adamnın’ jumıs uqıplılıg’ın arttırıwda u’lken rol atqaradı:

*Birewler miynetke u’yrener jastan,*
*Birewler miynetti su’ymeydi haslan,*
*Usı ekewinin’ qaysısı jo’n degende,*
*Bas iyemen men miynetti su’ygenge*

Yusup Has Hajıb dene ta’rbiyasın ruwxıy ta’rbiyanın’ basqa tu’rleri menen baylanıssız qaramadı. Mısalı: adam denesinin’ jaqsı rawajlanıwı onın’ oylanıwına, ruwxıy quwnaqlıqqa aqılllılıqqa erisiwine unamlı ta’sirin tiygizedi. Dene saw adamnın’ so’yleytug’ın so’zi, aqıl esi putin bolatug’ını ma’lim. Sonlıqtan adam den sawlıg’ı aqıl menen ruwxıy oylaw menen tıg’ız baylanıslı. Ol turmıstag’ı ha’diyselerdi ko’rgenlikten ol tuwralı oylanadı. Bul denege ta’sirin tiygizedi.

Yusup Has Hajıb adamgershiliktin’ tiykarg’ı belgisinin’ biri hadal miynet etip, ter to’giw ekenin, onın’ den sawlıqqa baylanısın qosıq qatarların da’lilleydi. Bul haqqında miynet etip adamlarg’a saqıylıq qıl, olardın’ alg’ısın al, dep na’siyat so’zlerin aytqan.

*Hadal miynet et mal dunya tap*
*Kambag’allarg’a u’lestir bolar o’zine ma’det,*
*A’zzilerge qol ber etkil olarg’a quwat,*
*Qayırkomlıq isle, alg’ıslarg’a bol miyassar.*

Sonlıqtan deneni kushli ha’m shınıqqan etip jetilistiriw ushın kishkene waqıttan baslap adam miynetke u’yrenip nıg’ayg’an bolıwı kerek.

Barlıq iskerligi tu'rli jumıstı orınlawı adamnın' dene ta'rbiyasın durıs alıwına baylanıslı.

Fizikalıq ta'rbiyanın' roli xaqqında o'zinin' pikirlerin shayır meditsina tuwralı o'zine tusinikli mag'lıwmatlar menen baylanıstıradı. Ha'zirgi zaman izertlewshisi sol da'wirdegi meditsina siyaqlı az islegen adam biliminin' tarawınan shayırdın' xabardar ekenligine ha'm usı tarawdag'ı ka'siplik ilimpazlardan parqı joq onın' bilimlerine tan' qalıwı mumkin. Yusup Has Hajıb adam o'mirinde jurektin' roli xaqqında ayqın tusiniklerge iye bolg'an shayır sıpatında emes, al medik-ilimpaz sıpatında ha'reket etedi, jurekti ko'riw mumkin bolmasa da ( ol da'wirlerde anatomiyalastırıw qatan' jazalanatug'ın edi), al tamırdın' sog'ıwın uslap ko'riw adamnın' ko'plegen jag'dayları haqqında biliw ha'm keseldin'barısın boljaw imkanın berdi.

Shayırdın' tusiniginshe dunyada go'zzal ha'm suykimsiz na'rselerde ushırasadı, bul eki na'rsenin' parqın tusiniw ushın adamda sezim jas waqtınan baslap qa'liplesedi, al keyin ortalıqtın' , jasaw sharayatının' o'zgeshiligine qarap ha'r qıylı rawajlanıp baradı. Sol ushın jaslarda gozallıq sezimin durıs rawajlandırıp dunyag'a su'ykimli ko'zqarastı payda etiw za'ru'r. Onın' pikirinshe adam tek g'ana sırtqı ko'riniste jaqsı jasawg'a, go'zallıqqa iye bolıwı kerek degeni emes, al adam Go'zzal bolıwı ushın so'ylegen so'zi, ju'ris turısı, adamlarg'a bolg'an qarım-qatnası ha'mme tamannan go'zzal boldırıwdı na'zerde tuttı.

*«Eki dunyada kerekli na'rse,*
*Durıs so'zlik ha'm sulıw minezdur»*[a'].
dep ko'rsetedi.

Adam minezi menen ha'm orınlı so'ylewi menen shırayg'a shıray qosadı. Jatıq, minez, sulıwıraq qılıp ko'rsetedi deydi adamdı. Shayırdın' tu'siniginshe adamdı go'zzallıqtı tu'siniwge ta'rbiyalaw bul onın' do'retiwshilik oylawın o'siriw, qıyalshan', du'nyag'a su'yispenshilik ko'z-qarasın rawajlandırıw dep da'lilleydi.

*«Kewlin' ashıq tutıp so'zin shiyrin etti,*

*barlıq xalıqqa o'zine su'yispenshilik muhabbat oyattı»[g']*.

Estetikalıq sezimi durıs rawajlang'an adam so'zlerdegi tu'rli emotsiyalıq mazmunlardı an'lag'ısh, so'zlerdin' astarlı ma'nisin tu'singish ha'm artıqsha so'z so'ylemeytug'ın bolıp keledi. Biykarg'ı so'zin zaya etpeytug'ın, so'z o'lshemin an'lap onın' ma'nisin sheshe biletug'ın boladı degen.

Shayır aqıl menen go'zzallıqtı seziwdin' bir-birine baylanıslı ekenin de da'lilleydi.

*«Biyma'ni bolma, ha'm biykarg'a ko'p juwırma,*

*Tuwrı ju'r minezin'di go'zzal qıl»,*

Yusup Has Hajıb adamlardı o'mirinin' en' aqırına shekem durıs ha'm go'zzallıqta jasawdı arzıw et dep na'siya etedi. O'zinin' shayırlıqta kesh bolsa da ko'p na'rselerdin' ma'nisine jetip u'yrengenligin mısal qılıp aytıp ketedi. Shayırdın' pikirinshe estetikalıq sezimdi qorshap turg'an ortalıqtın' go'zzallıg'ın seziw, ta'rbiya go'zzallıg'ınan zawıq alg'an adamda biyik estetikalıq sezim rawajlang'an boladı. Yusup Has Hajıbobektiv go'zzallıq penen subektiv go'zzallıq, adam sanasındagı go'zzallıq tusinigi, bilim arasındag'ı baylanıstı so'z etedi Yusup jaslardın' sanasına go'zzallıqtı tag'ı da teren'lestiriw ushın go'zzallıqtın' mazmun ha'm formasın, onı bahalawda mazmunnın' a'hmiyetli ekenin biliwine de pikir juwırttı. Mazmun so'zinin' ma'nisinde obektiv materiyanı, turmıstag'ı real ha'diyseni, waqıyalardı ha'm bulardın' adamg'a paydalıg'ın tu'sindiredi. Usı tu'sinigi menen shayırdın' estetikalıq ta'liymatı du'nyag'a materialistlik ko'z-qaarastın' za'ru'r belgilerin o'z ishine aladı.

*Jaman adam parqı bilinbes ju'zden,*

*Onın' ishki du'nyası bilinbes kozden,*

Biz aytıp o'tkendey jaslarg'a go'zzallıqtı u'yretiw sezimin do'retiw ushın adamgershilikke ılayıq opa menen qaytarıwın na'siyat etedi.

*«Adamgershilik islegenge, adamgershilik et,*

*Adamgershilikke ılayıq opa menen djuwap qaytar»[a']*.

Adamlar arasındag’ı o’z-ara ma’sele mu’na’siybetler ja’myiet ag’zaları arasındag’ı en’ tiykarg’ı baylanıslardın’ biri. Sonlıqtan shayır adamgershilikke qa’liplestriwdin’ en’ baslısı o’z-ara bir-birine hu’rmet, sıylasıq ko’rsetiw kerekligin tu’sindirgen. Bug’an birden erisiwge bolmaytug’ınlıg’ında tu’sindirgen. Bul qa’siyetlerdi da’slepten ta’rbiyalaw jaslıg’ında beriletugın ta’rbiyanı durıs jolg’a qoyıw a’dep-ikramlılıqtın’ barlıq qag’ıydalarına aljaspay ta’sir etiw za’ru’r boladı. Mine usınday etken de g’ana perzentlerdin’ ata-analarg’a qarap semyada durıs ta’rbiyanı qa’liplestirip basqalar qatarlıhaqıyqıy insan, ag’zamat qatarında sanalatug’ın boldı. Onın’ o’tken isleri, qılıqları, ga’p-so’zi ishki ha’m sırtqı du’nyası ruwxıy qa’liplesiwi jaqsılıqtan ibarat boladı. İnsan go’zzallıg’ı onın’ ruwxıy jetiskenligi menen baylanısıp ketetug’ın na’zerde tuta otırıp Yusup o’zinin’ birden-bir morallıq ta’liymatına aadamlardı tolıq isendiriw ushın turmıstan ko’plegen da’liller keltiredi. Jaslıq, jigitlik ba’rqulla ma’n’gi tura bermeytug’ının, o’tip ketetugının turmıs  ba’rqulla ha’rekette bolatug’ının du’nyada neshshe bir jaqsı adamlardın’ jasap o’tkenligin jaqsı bolsın. Jaman bolsın adam jasap du’nyadan o’tetug’ının biraq olardan ataq qalatug’ının jasaw na’wbeti endi kimge kelgen bolsa, sol mu’mkin bolg’anınsha jaqsılıq penen jasawı kerek. Tilde eki tu’rli at ju’redi, biri «jaqsı» ekinshisi «jaman», jaqsı alg’ıs aladı, jaman g’arg’ıs aladı.

*«Zawqı jaman zulım edi, sol ushın ol jaman atqa iye.*
*Faridan jaqsı minezli bolg’anlıg’ı sebepli hu’rmetke miyasar».*

Jaqsılıq penen jamanlıq adamda birden payda bolmaydı. A’stelep ta’rbiya na’tiyjesinde qa’liplesedi. Sonlıqtan adam istin’ basınan puhta bolıwı kerek. Waqıttı o’tkerip jibermesligi lazım.

*«Menin’ jaslıq shaqlarım o’ttide ketti.*
*O’kinemen men seni uslap tura almadım».*
*Jaslıg’ım tez g’ana o’ttin’ joq boldın’.*
*Tun’g’ıyıqqa tu’stim,-o’mirim qaran’g’ı.*
*Adam qartayadı, o’ledi,*
*Al islegen jaqsılıg’ı ma’n’gi qaladı.*[a’]

Yusup Has Hajıbtın' ko'z-qarasınsha jaslardı morallıq jaqtan ta'rbiyalaw onın' estetikalıq ta'repten o'siwi ushın da sharayat tuwdıradı ha'm go'zzallıqtı su'yiw sezimin oyatadı. Ta'biyat adamzattın' tirishilik etiwi ushın tiykarg'ı tiregi, onın' adamg'a ba'rqulla ta'sir tiygizip otıratug'ını, al o'zinin' jaratılısları menen tan'landırıwı, oylandırıwı ma'lim. Shayırdın' tu'siniginshe en' go'zzal na'rse ta'rbiyat, turmıs. Shayırdın' ko'z-qarasınsha adamnın' ishki du'nyasına is ha'reketleri, miynetkeshligi, watan su'ygishligi erligi batırlıg'ı arqalı go'zzal degen tu'sinikke iye. Go'zzallıqtı su'yiw sezimin oyatıwda ta'rbiyattın' ta'siri og'ada u'lken ekenligin ayta kelip: ba'ha'rdegi o'zgerislerdi qattı sheberlik penen estetikalıq zawıq penen so'z etedi. Ha'tteki nawrız bayramın ju'zege asrıwg'a sebepker bolg'an shayır desekte qa'telespeymiz.

*«Shıg'ıstan ba'ha'r samalı esip keldi,*
*Du'nyanı beyishke aylandırıw ushın,*
*Jerler ashılıp qarlar eriy basladı,*
*Du'nya qıs kiyimlerin taslap bezengisi keledi,*
*Aqırg'ı ba'ha'r o'z gezeginde kelmekshi,*
*Jarqın ba'ha'r o'z qushag'ın ashpaqshı»*[a']

-dep ta'biyat ko'rinisin sheberlik penen su'wretleydi. Ta'biyat adamzattı quwanıshqa bo'leydi, tan'landıradı, oylandıradı.

Yusup Has Hajıb jaslardı estetikalıq jaqtan ta'rbiyalawda du'nyadag'ı barlıq qubılıslardın' ta'siri barlıg'ın aytadı, bunday ko'nligiwlege qorshap turg'an ortalıq, qatar-kurbı, joslardın' ta'sirinen dep ko'rsetedi. Adam etikalıq jaqtan unamlı bolsa, estetikalıq jaqtan sonsha rawajlang'an boladı. Sebebi jaqsı minez-qulıq adamdı go'zzallıqqa eristiredi. Juwmaqlap aytqanda jaslardın' go'zzallıqtı su'yip, onnan jaqsılıq islerge ta'sirleniwinde estetikalıq ta'rbiyanın' a'hmiyetin joqarı tu'rde bahalaydı. Shayırdın' da'wirindegi estetikalıq tu'sinikler ha'zirgi waqıtta da o'zinin' mazmunın joyıtqan joq.

Orta Aziya ag'artıwshılarının' ha'm sonın' ishinde Yusup Has Hajıb Balasagunlinin' do'retiwshiligin u'yreniw jas a'wladtı ta'rbiyalawda og'ada u'lken a'hmiyetke iye. Yusup Has Hajıbtın' «Qutadg'u bilig» shıg'arması h-klassta

qaraqalpaq a’debiyatı sabaqlarında, 9-klassta Berdaq, A’jiniyaz, Ku’nxoja, O’teshtin’ shıg’armaların u’yreniwde onın’ pedagogikalıq ko’z-qarasları menen salıstırılıp sabaq o’tiw taralıp atır. Yusup Has Hajıbtın’ do’rteiwshiligin u’yreniw orta mekteptin’ jan’a programmasına kirgizildi. Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ qaraqalpaq tili ha’m a’debiyatının’ tariyxın u’yreniw programmasına Yusup Has Hajıb Balasagunlinin’ do’retiwshiligin u’yreniw, atap aytqanda onın’ «İygilikli bilim» poemasın u’yreniw engiziledi.

Yusup Has Hajıbtın’ ruwhıy miyrasın ha’zirgi zamannın’ sotsiallıq ha’m ilmiy-texnikalıq progresi jag’dayların da u’yreniwdin’ a’hmiyetin ko’rsete otırıp, adamnın’ oy-o’risin ken’eytiw ha’m onın’ minez-qulqının’ ha’r qıylı ta’replerin ta’rbiyalaw boyınsha oqıwshılar menen jumıs sho’lkemlestirerde bizler to’mendegi ilajlardı usınamız: Balalarda oqıw protsesinde azamatlıq, doslıq ha’m a’dep-ikramlılıq sezimlerin ta’rbiyalaw ma’seleleri menen organikalıq tu’rde baylanıstırıw. Etika ha’msemyalıq turmıs sabaqlarında, onın’ pedagogikalıq, ideyaların u’gitlew boyınsha ata-analar menen islesiwde Yusup Has Hajıbtın’ shıg’armalarınan paydalanıw. Oqıwshılardı Yusup Has Hajıbtın’ shıg’armaları menen o’z betinshe islesiw usılların izbe-iz u’yretip barıw. Onın’ shıg’armaların o’z betinshe oqıwg’a qızıg’ıwshılıq tuwg’ızıw.

Oqıwshı ha’m jaslar menen birlikte klasstan ha’m mektepten tıs jumıslardı ku’sheytiw. Yusup Has Hajıbtın’ ideyaların XIX ha’m XX a’sirlerdegi jazıwshılardın’ ha’m shayırdın’ do’retiwshiligi menen salıstırma jobada paydalanıwg’a ayrıqsha dıqqat bo’liw, ha’r qıylı da’wirlerdegi oyshıllardın’ pedagogikalıq oydı ulıwma pikirlerdi ha’m ayırmashılıqlardı ajırata biliw. Ha’r qıylı da’wirlerdegi oyshıllardın’ pedagogkialıq ideyalarının’ ta’rbiyalıq a’hmiyeti haqqında mektep, mektepler aralıq, rayonlıq, qalalıq respublikalıq olimpiadalar o’tkeriwdi usınıw. Usı tematika boyınsha diywalı gazetalar ha’m radio esittiriwler sho’lkemlestiriw.

Yusup Has Hajıbtın’ do’retiwshiligi ha’m ta’rbiyalıq a’hmiyetke iye bolg’an o’tmishtin’ basqada oyshılların u’yreniw ma’seleleri boyınsha oqıtıwshılardın’

aldın'g'ı ta'jiriybesin ken'nen taratıwmaqsetlerde seminarlar, konferentsiyalar, ashıq sabaqlar ha'm oqıw-ta'rbiya protsessinin' sapasın ko'teriwge ja'rdemlesetug'ın basqada ilajlar sho'lkemlestiriw.

Qaraqalaqstannın' orta ha'm joqarı pedagogikalıq oqıw jurtlarında psixologiyalıq-pedagogikalıq usılların u'yreniw Yusup Has Hajıbtın' pedagogikalıq oyın anag'urlım ken'irek paydalanıw kerek, bunda jaslardın' aqılın rawajlandırıw, olardı miynetke: a'dep-ikramlılıqqa ha'm semyalıq ta'rbiyalawg'a ayrıqsha kewil bo'liw za'ru'r.

Shıg'ıs elleri boyınsha tiyisli qa'niygeler tayarlawda Yusup Has Hajıbtın' pedagogikalıq miyrasına bag'ıshlap arnawlı seminarlar ushın kurs duziwdi na'zerde tutıw.

Yusup Has Hajıb Balasagunlinin' do'retpelerin u'yreniw programmada na'zerde tutılmag'anlıg'ın ja'ne a'debiyat boyınsha sabaqlıqlardı ol tuwralı hesh na'rse aytılmag'anlıg'ın esapqa ala otırıp, oqıtıwshı oqıwshılarg'a en' bolmasa shayır jasap ha'm o'zinin' o'shpes shıg'armasın do'retken da'wir haqqında qısqasha jazıwshılarg'a tiygizgen ta'sirin ko'rsetiw kerek.

Yusup Balasagunlinin' o'miri ha'm do'retiwshiligi haqqında geypara mag'lıwmatlar menen tanısıw ha'm onın' poemasın tallaw sol da'wirdegi xalıqlardın' sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy turmısın ko'z aldın'a keltiriw mu'mkinshiligin beredi. Bunnan keyin mug'allim shayır haqqında qısqasha o'mir bayanlıq mag'lıwatlar beredi.

Bunnan keyin Yusup Balasagunlinin' ken' bilim ko'leminin' sol da'wirdegi barlıq ilimlerdin' derlik mag'lıwmatların iyelew tiykarında qa'lipleskenligin ko'rsetiw za'ru'r.

Usınday qısqa kirisiwden keyin mug'allim poemanın' mazmunına tolıq tu'sinik beriwge o'tedi ha'm poemanın' tiykarg'ı ideyası to'rt printsipke tiykarlanatug'ınlıg'ın ko'rsetedi: bular ha'kim Kuntudı a'melge asıratug'ın bekkem durıs nızam; baxıt, a'dil wa'zir Aytoldısonın' elesi bolıp tabıladı: aqıl-bul wa'zir Ogdyulmish arqalı ko'rinedi: keleshek, yag'nıy ol du'nya,wa'zirdin' tuwısqanı

qa’lender Ogdurmısh bunın’ wa’kili.A’debiyat mugallimleri ushın VII klassta qaraqalpaq naqıl ha’m maqalların uyreniwde ken’ mu’mkinshilikler ashılıp atır. “İygilikli bilim” poemasındag’ı beytlerdin’ qaraqalpaq naqıl ha’m maqalları menen ha’m bizin’ elmizdin’ basqa xalıqlarının’ ha’m milletlerinin’ xalıq danalıg’ı menen qanshelli uqsas ekenligine oqıwshılardın’ dıqqat awdarıw kerek. Shayır ashko’zlikti qaralaydı.

*Ashko’z bolsan’ abırayın’ ketedi,*
*Hadal miynet iship-jewge jetedi.*
*Ol menmenlikti qaralaydı:*
*Menmenlik jaraspas adamg’a*
*Onı tu’sinbes nadanlar*
*Sadıqlıq haqqında shayır mınaday pikirler bildiredi:*
*Sadıqlıq ullı qa’siyet,*
*Dan’qın’dı senin’ asırar,*

A’dep-ikramlılıq qa’siyetlerinin’ qatarında shayır doslıqtı ha’m haqıyqatlıqtı joqarı bahalaydı:

*Ju’reginde haqıyqatlıq so’zin’ pal bolsa,*
*Dasturxanın’ ba’rha mol bolar,*

Ash ko’zlikti qaralay otırıp, shayır saqıylıqtı joqarı a’depli qa’siyet dep ja’riyalaydı:

*Du’nya parazlıqqa qızbasan’,*
*Jolın’ ba’rha ashıq bolar,*

Shayır sadıqlıq ha’m ar-namıs sıyaqlı qa’siyetlerdi de joqarıbahalaydı:

*Shınlıq jolın quwg’an er tu’kli ju’rek,*
*Ataq dan’qı ku’n sayın o’sti demek,*
*Erlik dan’q jarasar nag’ız erge,*
*Zulımlıq penen ishtarlıq namıs elge.*

Haqıyqatlıq, a’dillik ha’m ma’rtlik-bul qa’siyetlerge ta’n keletug’ın baylıq joq, ku’ta’ ta’rbiyalang’an ha’m jaqsı a’depli adam iyelewi tiyis bolg’an ha’mme

na'rselerdin' bul en'  jaqsısı: Adamnın' ken' peyilligi onın' a'hmiyetli qa'siyeti, onı ta'rbiyalawg'a alıp baratugın jol oqıw arqalı baradı:

Yusup Balasagunlinin' adam turmısında bilimlerdin' ha'm aqıl uqıpların rawajlandırıwdın' roli haqqındag'ı pikirleri qızıqlı ha'm u'yrenerlik pikirler. Tuwılıwdan adamg'a tayar bilimler berilmeytug'ınlıg'ın ol tu'singen. Bul bilmlerdi oqıw arqalı alıw ha'm mu'mkin ha'm tek bilimler adamnın' dan'qın shıg'aradı:

Tag'ıda: Aqıldı adam qarın baqpas,oy bag'ar,

Jan semirer, oy semirer oylanar,

Yusup Balasagunlinin' «tek ilimpaz adam u'lken parasatlı islerdi isley aladı degen pikiri xalıq maqalı retinde jan'laydı».

Yusup Balasagunli bilimler menen belgilenetug'ın sanalı turmıstı biymani turmıstan ajıratıp ko'rsetedi, en' bir a'piwayı fiziologiyalıq talaplardı qanaatlandırıw onın' tiykarg'ı boladı: «İyglikli bilim» poemasında bilimlerdi u'zliksiz toplawdın' a'hmiyeti atap ko'rsetiletug'ın ko'plegen qosıqlardı (beitlerdi) atap ko'rsetiw mu'mkin. Ha'zirgi zaman terminologiyasın qollana otırıp,bizler Yusup Balasagunli  rawajlanatug'ın oqıw ideyasın u'gitlegen dep ayta alamız.

*Biyxabar adam-o'li jan, aqıllı-janlı,*
*Danalıg'ı menen ajıralıp* turar.

Aqılsızdın' ha'm aqıllının' ta'g'dirin salıstıra otırıp, shayır joqarı a'dep-ikramlılıq qa'siyetlerin qa'liplestiriwge bilim ta'sir ete aladı, al aqıllı, sawatlı adamg'a turmısta barlıq waqıtta jol ashıq, deydi.

Bunda poemada etika ha'm so'ylew  ma'deniyatının' mashqalaları da ga'p etilgen:

Mug'allimnin' basshılıg'ı astında Berdaqtın' «Balam», «Umıtpa», «Nadan bolma» qosıqların ha'm «İygilikli bilim» poemasındag'ı jaslarg'a shaqırıqlardı salıstırıp u'yretiw adamnın' a'deplliik qa'siyetlerin qa'liplestiriw, o'zinde u'lkenlerdi hu'rmetlew sezimin ta'rbiyalaw, ja'miyettin' paydalı ag'zası bolıp

o’siw boyınsha oqıwshılarg’a ta’rbiyalıq ta’sir jasaw programmasın a’melge asırıwg’a ja’rdemlesedi.

## II-bap. Shıg'ısta ka'millik jolı haqqındag'ı ta'liymatlar

### II. 1.Avesto da kamil insan ma'selesi.

Milliy ideologiyada ka'mil insandı qa'liplestiriw tiykarg'ı ideyalardın' biri bolıp tabıladı. İnsannın' ka'millike jetiwinde tariyxıy miyraslardın' ornı ayrıqsha. Ruwxıy ha'm tariyxıy miyrasımız bolg'an ″Avesto″ jaqsılıq jolına qa'dem qoyg'an adamlar mudamı u'sh printsipke, yag'nıy niyetinin' du'ziwligi, so'z ha'm sha'rtlerdin' pu'tinligi, adamlardın' insanıylıg'ına tiykarlanıwı kerek, dep ta'lim beredi. Bular ja'miyet ha'm insan ushın en' za'ru'r qadriyatlar. Bul haqqında ″Avesto″ da: ″Men jaqsı pikir, jaqsı so'zlerdi ha'm jaqsı is ha'reketlerdi jaqtıraman. Men Mazda nızamlarına tiykarlang'an na'sihatlardı ulıg'layman″ dep ko'rsetiledi. Sonın' menen birge ″Avesto″ da ulıwma insanıy qadriyatlar joqarı da'rejede qa'dirlenedi. Adamlardı pa'k, hu'jdanlı bolıw, bir birine mehir aqıbetli ha'm sadıq bolıw, tek jaqsılıqtı ra'wa ko'riw, sawda isbilermenlik islerinde aldamaw, qıyanet etpew, qarızlardı o'z waqtında to'lew, hadal miynet etiw sıyaqlı joqarı ideyalar alg'a qoyıladı. Usılarg'a a'mel etiw iymanlılıq a'lamatı, dep ko'rsetiledi. ″Avesto″ da adamlardın' ruwxıy du'nyasının' ka'malatı, materiallıq pa'rawanlıq tiykarı dep uqtırıladı.

″Avestonın' ″Yasht″ bo'limindegi Asha gimninde ko'terilgen to'mendegi qatarlar bug'an gu'walıq beredi: ″O'zimdi pu'tkil jaqsı niyet, jaqsı so'z ha'm jaqsı is ha'reketlerge bag'ıshlayman, barlıq qayg'ılı oy, jaman so'z, jaman islerden bas tartaman″. Bul teren' filosofiyalıq ma'niske iye na'siyhatlar ha'zir de a'hmiyetin joyıtqan emes.

Tariyx sanalı pikirlewge ha'm sezgirlikke u'yretedi. ″Avesto″da ″Axuramazda adamdı janlı, sanalı, o'zin-o'zi an'lawshı etip jaratqan″, dep ko'rsetiledi. Ko'pshilik adamlar o'zin an'lamag'an jag'dayda jasaydı. Adam o'zin-o'zi jan'alamasa ma'mleket rawajlanbaydı. İnsannın' o'zin-o'zi jan'alawı ruwxıy jetilisiw arqalı a'melge asadı. Ruwxıy jetilisken insannın' pikirlewi, so'zi ha'm is ha'reketi bir boladı. Awzımızdan shıqqan ha'r bir so'zdin' qudiretli ku'shke iye ekenligin an'lap jetiwimiz za'ru'r.

Avestada jaslarg’a beriletug’ın a’dep-ikramlıq ta’rbiyag’a shamasın bilip sharrrrap ishiwge u’yretiw de kirgen. Mug’darında ishilgen sharap awqattı asqazang’a sin’iwshiligin jaqsılap, denedegi qannın’ aynalısın tezletedi. İnsandı qayırlı islerge umtıldıradı, ondag’ı adamgershilik sezimlerin ku’sheytedi. Haqıyqıy jaqsı minez-qulıqqa, ta’rbiyalang’an adamlardın’ oyı-so’zi ha’m isi tag’ı da jaqsılanadı, hayalı, balası, doslarına qatnası jumsaq, qayırqom boladı. Al a’depsizlikke ta’rbiyalang’an adam sharap ishse hayalına, balasına, doslarına, qulına azap berip, ja’njellesip o’zindegi jaman qılıqlardı ju’zege shıg’aradı delingen.[a’o’]

Sonday-aq insannın’ unamlı a’dep-ikramlılıg’ı kitapta durıslı awqatlanıp, adam ushın kerekli zatlardı ma’lim da’rejede denege jetip turıwı menen tıg’ız baylanıslı dep qaralg’an. Denenin’ bl za’ru’rliklerin qanaatlandarmag’an adam jaqsı oylaw, aqıl juwırtıw uqıbın pa’seytedi. Fizikalıq jaqtan a’zzi boladı. Keselge shatılıwı, ju’ykelerinin’ buzılıwı ju’zege keledi. Na’tiyjede adamnın’ a’dep-ikramlılıg’ı to’menleytug’ınlıg’ı tu’sindirilgen. Barlıq tiri janlar awqat penen jasaydı, awqatsız olar o’ledi. Kim go’sh jese, go’sh jemagen adamlarg’a salıstırg’anda jaqsı islerdi orınlawshılıq ruwxta boladı-dep adamlardag’ı barlıq jaqsı minez-qulıq, unamlı pa’ziyletlerdin’ derege jaqsı awqatlanıw ekenligi, usılay etip adamdag’ı ruwxıy qubılıslar materiallıq dereklerge baylanıslılıg’ın ko’rsetken.

Usı juwmaq Avesta da:Azıq -awqat jaqsılanıwı menen xalıqtın’ a’dep-ikramı da jaqsılanadı. Nan mol bolsa, diniy na’siyat so’zlr jaqsı qabıl etiledi.-dep bayanlanılg’an. Vendidat bo’limindegi mag’lıwmatlarg’a qarag’anda o’lim jazası dinnen bezgeni, Axura-Mazda talap etken, jaqsılıq islerdi do’retiwden bas tartqanı ushın berilgen. Basqa barlıq jınayatlarg’a, a’depsizlik, ta’rtipsizliklerge at, qoy, sıyaqlı u’y haywanları menen qun to’lengen. Soraw waqıtında shının aytpag’an jınayatshılarg’a azap beriw qollanılg’an. Ushlı temirdi qızdırıp ko’kiregine basqan, yaki qamshı menen urg’an.

Joqarıda so’z etkenimizdey kitapta jaslar ta’rbiyasının’ ha’r qıylı tarawları bayanlanılg’an ha’m bulardı o’z ara baylanıslılıqta qa’liplstiriw aytılg’an. Jıynaqlang’an bul ta’rbiya shaqapların o’zinde ja’mlegen jaslardı basqalarg’a u’lgi

etip ko’rsetiw ayrıqsha maqıllang’an. Shınındada ta’rbiyadag’ı o’rnek usılı Avestada jiyi ushırasadı. Ko’p g’ana ta’rbiya tu’rlerin alıp er jetken jaslardın’ ta’rbiyalıq idealı sıpatında Vartraganın’ jetilisken unamlı qa’siyetleri jaqsı insannın’ qa’siplesken tipi ta’rizinde u’lgi alıw ushın bayanlap beriledi. Ta’rbiyalanıwshı o’spirimler:

*On bes jasar nawqırag’an jigit.*
*Go’zzal o’spirim-Er tulg’asında.*
*Ku’ta’ sulıw, tınıq qaraslı.*
*Ba’lent boylı, shaqqan ayaqlı*

- bolıp shıg’ıwı kerekligi talap etilgen. Usılay etip b.e. shekemgi VI a’sirlerde do’retilgen Avesta sol da’wirdegi Orta Aziya xalıqlarının’ jaslar ta’rbiyasındag’ı aldın’g’ı qatarlı ko’p g’ana mashqalaların o’z ishine ja’mlewge eriskenligi menen dıqqatqa miyasar. Kitap bul aymaqlarda erte da’wirlerden-aq ta’lim-ta’rbiya ma’selelerinin’ tiykarg’ı bag’darda uslang’anlıg’ın da’lillewshi ha’m bul tarawdag’ı jetiskenlikler ma’lim da’rejede a’yyemgi grek tsivilizatsiya -sının’ rawajlanıwına da ta’sirin tiygizgenligin ko’rsetiwshi og’ada bahalı oylardı bayanlawshı estelik bolıp tabıladı.

Qulshılıq da’wirindegi ta’lim-ta’rbiya mazmunı ha’m bul tarawdag’ı oy pikirler o’zine ta’nliklerge og’ada bay boldı. Orta Aziya ma’deniy jetiskenligi boyınsha Egipetliler menen barabar edi. İlim ha’m o’ner rawajlandı. Oyshıllıq, du’nyag’a ko’z qaras teren’lesti. Mektepler sawat u’yretiwdi dawam ettirdi. Ul ha’m qız balalardı o’nerge u’yretiw, a’skeriy shınıg’ıwlarg’a u’yretiw, nag’ıslar, qural-jaraq sog’ıw, temirshilik, h.t.b. jaqsı jolg’a qoyıldı. İlim ha’m qurlıs texnikası, arxitektura rawajlandı. Astronomiyanı u’yreniw ushın gumbezli bastırmalar oylap tabıldı. Diniy tu’sinikler menen birge turmıs ta’jiriybeleri ha’m pedagogikalıq pikirlerde alg’a ilgeriledi.

### II. 2. İslam ta’liymatlarında ka’millik ma’seleleri

Milodiy VII a’sirdin’ baslarında Arab yarım atawı territoriyasında İslam ideyasına tiykarlang’an Arab xalifalıg’ı payda bolıp, ol o’z abıroyın bekkemlew ushın basqa ma’mleketlerdi de bag’ındıra basladı.

Arablar VII a’sirdin’ ortalarına kelip Maverennaxrdı da boysındırıwg’a eristi. İslam aqidaları, onın’ a’deplilik, huqıqıy printsiplerinin’ negizgi deregi Quranı Ka’rimdur. Bul muqa’ddes kitap insanlardı ten’likke, doslıqqa, tınısh-tatıw jasawg’a, miyrimlilikke u’ndeydi. İslam adamlardı jaqsılıqqa baslaydı, jamanlıqtan qaytaradı. İnsanpa’rwarlıqtı u’git-na’siyatlap, o’zimshillikti, pa’slikti qaralaydı, a’dep-ikramlıq, ruwxıy pa’klik ha’m ka’millikke, miynet etiwge ha’m de jer ju’zin abad ha’m go’zzal etiwge shaqıradı.

Quranda iymannın’ o’zine ta’n o’lshemi sanalg’an saqawat, miymandoslıq, ma’rtlik, sabır-taqat, tuwrılıq, wapadarlıq ha’m sawatlılıqqa u’lken itibar berilgen. Onda adamlar arasındag’ı o’z ara mu’na’sibetlerdi jaqsılaw jo’ninde de ko’rsetpeler bar. Bul ullı da’rejedegi insaniy pa’ziyletler bolıp, olarg’a pa’k qa’libli insanlar g’ana erise aladı, delingen. Bul pa’ziyletler ja’miyetke tınıshlıq ha’m abadanshılıq keltiredi. Sonın’ ushın da insanlardın’ o’z ara doslıq qatnasıqların bekkemlew musılmanshılıq talaplarınan esaplanadı.

Musılmanlardın’ ekinshi muqa’ddes kitabı - Ha’dislerde insanın’ ma’nawiy kamalat o’lshemi, onın’ sana-sezim da’rejesi, du’nya-qarasının’ ken’ligi, bilimlerinin’ qay da’rejede ekenligin ko’rsetedi. Ja’miyetke ha’m o’zine payda keltiriwshi shaxs bolıp jetilisiwde a’hmiyetli faktor – bilim iyelew delingen. Talabı ilim parızdur. Talabı ilimge ha’r bir na’rse istig’far aytadı, ha’tteki ten’izdegi balıqlar da. Bilimsizlik adamlardı nadanlıqqa alıp baradı. Bilimsiz ja’miyette ja’halat, pa’slik hu’kimranlıq etedi, delingen Ha’disi sharifte.

Ha’dislerde bilimdi ta’kirarlap barıw, bilimdi tek onı alıwdı xosh ko’rgen

insanlarg’a g’ana beriw kerekligi aytılg’an. Sonday aq, ha’dislerde bilim insannın’ pa’m-parasatın, zeyinin o’tkir, yadın ku’shli qılıwı aytıladı ha’m «ilim o’nerdi Chin (Qıtay) da bolsa da barıp u’yrenin’ler»[6] delinedi.

Bilimge tiyisli bunday, ulıwma ko’rsetpelerden tısqarı, musılmanlarg’a ta’n u’rp-a’detlerdi sa’wlelendiriwshi minez-qulıq bilimleri de Quranı ka’rim ha’m Ha’disi shariflerde bayan etiledi. Tu’rli ma’resimlerdi o’tkeriw ta’rtibi, sapar qag’ıydaları, sa’lemlesiw a’debi, ma’mile o’lshemleri, nawqastın’ halınan xabar

---

[6] Muhammad payg’ambar qissasi. Hadislar. T., «Kamalak», 1001. 51-60-b.

alıw, kiyiniw, jep-ishiw, ju'ris-turıs qag'ıydaları ha'm t.b. haqqında tu'rli ko'rsetpeler beriledi, olar o'z aktuallıg'ın usı ku'nge shekem joytpag'an.

Ha'dis jazıwları sanı ko'p bolıwına qaramay, ha'disshiler ishinde en' ku'shlisi İmam al-Buxariy boladı. İmam al-Buxariy milodtın' 809 jılı 13 mayda Buxarada du'nyag'a kelgen.

Kitap g'a'ziynemizde onın' 20 dan artıq u'lken ha'm kishi kitapları bar. Bulardın' arasında «Al-Jomi as-Sahih» ayrıqsha orın iyeleydi. Bul shıg'armasında a'dep-ikramlıqqa tiyisli ha'disler arnawlı bir bapta ja'mlengen ha'm a'hmiyeti jag'ınan Qurannan keyingi ekinshi diniy derek dep tanılg'an. «Al-adab al-mufrad» («A'dep durdanaları») atlı kitabında da a'deplilik qa'driyatlar o'z sa'wleleniwin tapqan.

İmam al-Buxariy o'z shıg'armalarında a'dep-ikramlılıq haqqında pikir ju'riter eken, adamlardı ata-ananı hu'rmet etiw, olardı a'diwlep, kewillerine hesh bir azar beriliwine jol qoymaw, perzentler ata-ana aldındag'ı minnetli wazıypaların orınlaw za'ru'rligi kibi ma'selelerge ayrıqsha itibar berilgen.

İmam al-Buxariydin' insan sıpatları haqqındag'ı qaraslarında nadanlıq insang'a o'lim keltiriwshi qa'wip dep qaralanadı. Ol adamdı tuwrı so'zli, wa'dege wapalı bolıwg'a shaqırıp, nadan kisinin' u'sh belgisi bolıwın ko'rsetedi, olar: jalg'an so'ylew, wa'dege wapalı bolmaw ha'm amanatqa qiyanet etiwden ibarat. Ol adamlardı, a'sirese, mo'min musılman adamdı qapa etiw gu'na', onın' menen urısıw ka'pirlik dep esaplaydı. Ol insannın' ku'sh-qudireti fizikalıq jaqtan ku'shlilikte emes, ba'lki ashıwı kelgende o'zin tıya biliwde, dep biledi. Onın' uqtırıwınsha, ba'lent dawıs penen orınsız ku'liw basqalardın' kewiline azar beriwshi illetdur. Xalıqqa jag'ımlı ha'm sıy-hu'rmetli bolıp, onın' muhabbatına sazawar bolıwdı go'zzal a'deplilik dep qaraydı allama.

Ullı oyshıl shan'araq ortalıg'ının' pa'rawan, tınısh, shan'araq ag'zalarının' saw-salamat, toq bolıwı jo'ninde bir neshe pikirlerin bayanlap, insanlarg'a miyrimli, u'lkenlerge hu'rmette bolıw za'ru'rligin a'yrıqsha uqtıradı. Ulıwma, ullı jerlesimiz İmam al-Buxariydin' «Al-adab al-mufrad» atlı miynetin ulıwmainsaniy a'deplilik qa'driyatlar du'rdanası desek, hesh qa'telespegen bolamız.

Allama at-Termiziy (mil.824 jıl) Termiz jaqınındag'ı Bug' awılında du'nyag'a kelgen. Basqa ha'disshi alımlar kibi at-Termiziy de jaslıq waqtınan ha'dis toplawg'a kirisip, bul iste u'lken jetiskenlik ha'm abıroyg'a erisken.

İmam at-Termiziydin' «Sunan» kitabında keltirilgen ha'dislerde insannın' sotsiallıq sıpatlarına tiyisli pikirler ko'plep ushırasadı. Ma'selen: «Qayırlı ha'm jaqsı isler etiwge shaqırıwın' ha'm zulımnan qaytarıwın' – senin' sadaqan'», «Adasqan kisilerge tuwrı jol ko'rsetiwin' de – sadaqa», «Ha'tte ka'mbag'allarg'a jaqsı mu'na'sibette bolıwın' da – senin' sadaqan'», «Jerde kesent berip jatqan tas, tikenek yaki su'yekti bir shetke alıp qoyıwın' – sadaqa», «O'z shelegin'nen basqalardın' ıdısına suw salıp beriwin' de sadaqan' esaplanadı».

Saw denede salamat pikir boladı, degen xalıq maqalına a'mel qılıp, allama jaslıqtan aq salamatlıqtı saqlawg'a, waqıttı biykar o'tkizbewge shaqıradı: «Eki na'rse bar, ko'pshilik olardın' qa'dirine jetpeydi: biri sawlıq, ekinshisi waqıt».

İmam at-Termiziy toplag'an ha'disler arasında insan kamalatına bag'ıshlang'an ha'disler jetekshi orın tutadı. Ma'selen: «Shın sabır-taqatlı dep musılman kisinin' mu'siybet ju'z bergende shıdamlılıg'ına aytıladı», «Marxumlardın' tek jaqsı sıpat ha'm islerin aytın'lar. O'lgen kisi haqqında jaman so'z aytılmasın», «Haqıyqıy mo'min dep xosh minezli ha'm hayalına jaqsı ma'mile qılg'ang'a aytıladı».

Termiziy toplag'an ha'disler arasında adamlardı tatıw bolıwg'a, ja'miyetke payda keltiriwge, doslıq ha'm biradarlıqqa shaqırıwshı ha'disler ko'plep ushırasadı. Ma'selen:

> «Barlıq musılmanlar o'z ara biradarlardur. Olar h'esh qashan biri-birine jamanlıqtı rawa ko'rmewleri kerek. Kimde kim o'zinin' musılman biradarına ja'rdem qılsa, aqırette Alla og'an ja'rdem qıladı. Kimde-kim biradarının' mu'shkilin jen'illetse, Alla da onın' aqıretin jen'il qıladı».

Arab halifalıg’ında ju’z bergen sotsiallıq ha’m siyasiy o’zgerisler, islam dininin’ payda bolıwı ma’nawiy ha’m ma’deniy turmısqa da ta’sir etti. İslam dininin’ ma’riypatqa bolg’an unamlı mu’na’sibeti islam du’nyasında, sonın’ ishinde Orta Aziyada da u’lken ko’terinkilik ruwxın payda etti. Bul din ha’m ta’liymat insandı ka’millikke eristiriwshi qudiret ha’m en’ tiykarg’ı derek esaplanadı.

## Juwmaqlaw

Tınıshlıqsu'yer xalqımız g'a'rezsizliktin' arqasında o'z jeri, o'z tili, o'z dinine iye boldı, milliy maqtanıshı, izzet-hu'rmeti tiklenip, endilikte qa'driyatlarımız, ruwxıy miyrasımızdan paydalanıp atırmız. G'a'rezsizlik ha'm ruwxıylıq bir-birine baylanıslı bolg'an tu'sinik. Qudiretli keleshegi ullı da'wlet, ullı sotsial ekonomiklıq reformalardı, qu'diretli ruwxıylıq tiykarında ju'zege keledi. Ha'r bir jeke shaxstın' ha'm barlıq millettin' ruwxıy kamalatı arqalı demokratiyalıq huqıqıy ma'mleketti payda etedi. Ma'mleketimiz basshısı sol sebepli ha'm ruwxıylıq ha'm ag'artıwshılıqqa barılq waqıtta da itibar berip kiyatır. Sol danalıq siyasat sebepli xalqımız o'zin tanıtıp, o'z ma'jerisini bilip, tariyx aldındag'ı wazıypasın an'lap almaqta.

İnsan ruwxıylıg'ı rawajlantırılmay turıp, xalqımız ta'g'dirin ha'm turmısın rawajlandırıwda ha'm de ma'mleketimiz taraqqiyatında alg'a ilgeriletiw qıyın.

Ma'nawiy ta'rbiya tarawında ko'z boyamashılıqqa jol qoyıw ju'da' qa'wipli. Ma'nawiy ja'miyet turmısının' sonday bir  na'zik, a'hmiyetli bir tarawı, bul barada atına g'ana is qılıw ekonomikalıq ha'm siyasiy tarawlarda ku'tilmegen tu'rli tosqınlıqlardı keltirip shıg'arıwı mu'mkin. A'sirese, bul tarawda ozı bolarlıqqa jol qoyıp bolmaydı. Kisilerde, a'sirese jaslarda jan'a ma'nawiyattın' qa'liplesiwi biraz qıyın ha'm mashaqatlı protsess esaplanadı. Bunı a'melge asırıw ushın ken' ko'lemli ma'deniy, tariyxıy, mamuriy, ta'rbiyalıq islerde a'melge asırıw kerek boladı. Eski du'zim sharayatında qa'liplesken ruwxıy qıyınshılıqqa ba'rham beriw, jan'asha oy-pikirge iye bolg'an insandı sha'kllentiriw quramalı anıq bir da'wirdi talap qılıwshı, a'ste a'melge asatug'ın protsess bolg'anlıg'ı sebepli toriydin' buzılıw da'wirlerinde ja'miyet turmısında ruwxıy boslıq jag'dayları ha'm ju'zege keliwi ta'biyiy.

Ka'mil insan biz ushın idealdur. Ol barlıq du'nyalıq ha'm ilahiy bilimlerdi iyelegen, ruwxı, qa'lbi qayırlı niyet-tuyg'ılarg'a tolı, pa'k insan. Ka'mil insan adamzat arzıw etken barlıq jaqsı niyetler ha'm pa'ziyletlerdin' sa'wlelendiriwshisi.

Ka’milliktin’ belgisi haq jolınan barıp, xalıqqa payda keltiriwdur. Adam o’z so’zi, a’meliy isleri, niyeti menen qanshelli adamlarg’a payda keltirse, jamanlardı tuwrı jolg’a salsa, haq jolında pida’ bolsa, ol sonshama ka’mil boladı.

Bolajaq kadrlardı erkin pikirlewge u’yretiw jaqsı jolg’a qoyılmasa, ta’lim na’tiyjeleri talapqa juwap bere almaydı. Sonlıqtan da, biyg’a’rez sana-sezimge iye bolıw birinshi gezektegi wazıypadur.

Juwmaqlap aytatug’ın bolsaq, ruwxıy-ag’artıwshılıq rawajlanıwının’ tiykarg’ı deregi sıpatında «Kadrlar tayarlawdın’ Milliy da’stu’ri» xalqımız ha’m ja’miyetimiz ushın ele uzaq jıllar xızmet etedi. Ga’rezsizlik sana-seziminin’ qa’liplesiwi, ullı ruwxıylıq iyelerin tayarlaw, jol jobaları, ekonomikalıq bilim alıwdın’ sır-sınaqları, shaxs ma’npa’a’tlerinin’ ta’repleri, siyasiy bilimge erisiwdin’ tarawları, huqıqıy bilim alıw ta’jiriybeleri ruwxıy jetiskenliktin’ qa’liplesiwi ushın za’ru’rli bolıp, ha’r bir shaxstın’ keleshekte ba’rkamallıqqa erisiwinde jetekshilik eteri so’zsiz.

**A’debiyatlar:**


1. Karimov İ.A. Yuksak manaviyat – engilmas kuch. T. Manaviyat, 2008y.

2. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak ywq. T., Sharq, 1998 y.

3.Karimov İ.A. O’zbekiston XXI asrga intilmoqda. T., O’zbekiston 2000 y.

4.Karimov İ.A. O’zbekistonning siesiy-ijtimoi va iqtisodiy istiqbolining asosiy tamoillari. T., O’zbekiston, 1995 y.

5. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon haet pirovard maqsadimiz. T., O’zbekiston, 1996 y.

6.Karimov İ.A. O’z kelajagimizni wz qulimiz bilan qurmaqdamiz.// Turkiston, 1999 yil, 2-fevral.

7. Karimov İ.A. Kelajakni jasoratli odamlar quradi. // Xalıq swzi, 1999 yil, 17-fevral.

8. O’zbekstan XXI a’sirge umtılmaqta , N.,2000 j.

9. Sog’lom avlod bizning kelajagimiz. Toshkent, 2000.

10. Uquvchi manaviyatini shakllantirish. T., 2000 y.

11. Tulenov J. Mustaqillik va milliy tiklanish. T., O’zbekiston, 1995 y.

12. Otamuradov S. Xasanov S., Ramatov J. Manaviyat asoslari. A.Qodiriy, 2002 y.

13.Sharifxujaev M., Davronov Z. Manaviyat asoslari. T., 2005 y.

14.Jabbarov Sh.Manaviyatning falsafi qirralari T., «Marifat» 1996

15. Milliy istiqlol g’oyasi: asosiy tushincha va tamoyillar. T. « O’zbekiston» 2000y.

16. Zunnun Sh. Donishmandlar adab axloq tug’risida. T. « O’qituvchi» 1996.

17.J.Tulenov. Qadiriyatlar falsafasi T.,1997